Адыгэбзэр игъэбзэрабзэт

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Зыми хэмыгъуащэщ и хъэтIыр

4-нэ нап.



Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгу

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№98 (24.848) ● 2025 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 14, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэм къызэритамкlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыным, щIэблэр гъэсэным хуащIа хэлъхьэныгъэм, илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын

Урысмамбэт Анатолэ Мухьэмэд и къуэм - «Налшык къалэ округым и щыпIэ администрацэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и управленэ» муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм спортым и ветеранхэм я ветеран зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэм;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр яфIэщын

Гузоев Ибрэхьим Хьэким и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Шэрэдж муниципальнэ щIыналъэм и «Спорт школ №1» щIэныгъэ гуэдзэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и гъэсакIуэ-егъэджакIуэм

Коноплевэ Аннэ Николай и пхъум - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм ПедагогикэмкIэ, психологиемрэ физкультурэ-спорт щIэныгъэмкIэ и институтым и доцентым

Щомахуэ Мурат Мухьэмэд и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм СпортымкIэ и министерствэм егъэщIылIауэ лажьэ, «Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Олимп зэхьэзэхуэхэм хэтыфынухэр щагъэхьэзыр спорт школ» щIэныгъэ гуэдзэ щрагъэгъуэт къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм шыщхьэуIум и 9-м
№86-УГ

«Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм зэгурыIуэныгъэкIэ дзэ къулыкъу щезыхьэкI дзэ къулыкъущIэхэм зэ етыгъуэу ахъшэхэр етыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ №63-УГ-уэ 2024 гъэм шыщхьэуIум и 1-м къыдэкIам и 1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм зэгурыIуэныгъэкIэ дзэ къулыкъу щезыхьэкI дзэ къулыкъущIэхэм зэ етыгъуэу ахъшэхэр етыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ №63-УГ-уэ 2024 гъэм шыщхьэуIум и 1-м къыдэкIам и 1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, абы мыпхуэдэу тха «в» пункт къуэдзэр щIыгъужауэ:

«в) резервым щыIэ полкхэм дзэ къулыкъу щрахьэкIыну зэгурыIуэныгъэ 2025 гъэм шыщхьэуIум и 10-м къыщыщIэдзауэ 2025 гъэм фокIадэм и 30 пщIондэ дэлъ зэманым къриубыдэу иращIылIэмэ - сом мин 1800-рэ (мы пунктым и «б» пункт къуэдзэм къыщыгъэлъэгъуа ахъшэр ирамыту).».

2. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм шыщхьэуIум и 9-м
№87-УГ

Нэхъ къалэнышхуэ иджыпсту щыIэкъым

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым еджэхэм ядэгуэшащ республикэм гъавэ Iухыжыгъуэр зэрыщекIуэкIым теухуауэ.

«ЛЭЖЬЫГЪЭР щIэгъэхуэбжьауэ йокIуэкI, дызыхунэсыпхъэ псори и чэзум тхузэфIэгъэкIыну дыщогугъ, - етх Iэтащхьэм. - Гъавэ Iухыжыным нэхърэ нэхъ къалэнышхуэ иджыпстукIэ мэкъумэш къудамэм и пащхьэ иткъым.

IэнатIэм и лэжьакIуэхэм гуэдзымрэ хьэмрэ Iуахыж. Районхэм къратыкI хъыбархэм ятепщIыхьмэ, гектар 76,6-м гъавэу тонн мин 300-м нэс къытрахыжащ, ар илъэс блэкIам кърахьэлIам елъытауэ, процент 13-кIэ нэхъыбэщ.

Мы гъэм гъавэхэкIхэр зытетса щIыхэри нэхъыбэ мэхъу, ахэр нэгъабэ дызэлэжьахэм нэхърэ гектари 5,6-кIэ нэхъыбэщ. Гу зэрылъыттэмкIэ, гъавэ лIэужьыгъуэ псори мы гъэм нэхъ бэву къытыдохыж: гуэдзыр процент 5,3-кIэ нэхъыбэщ, хьэр проценти 3-кIэ. Ахэр бжыгъэ хъарзынэщ: зы гектарым ику иту центнер 39,2-рэ, 39-рэ хуозэ.

ФокIадэр нартыху Iухыжыгъуэщ - аращ Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъыбэу къыщагъэкI гъавэ лIэужьыгъуэр. Дызэрыт илъэсым нартыхум хухахащ гектар мини 131,6-рэ.

ХадэхэкIхэм я гугъу тщIымэ, джэшхъурей цIынэр Iуахыжри, зэрахъумапхъэм тету ягъэтIылъащ. Иджыпсту консерв заводхэм нащэхэр, бэдрэжанхэр, нартыху IэфIхэр ирашалIэ.

Пхъэщхьэмыщхьэ-мэракIуэхэкIхэри Iуахыж: мэракIуащхъуэр, мамкъутыр, мыIэрысэ пасэр, кхъужьыр, къыпцIэр, шэфталыр IуахыжакIэщ.

Гъавэ IухыжыкIэм и псынщIагъыр нэгъабэрейм къыкIэрыхуркъым, гъэр бэв хъуну дыщогугъ. Псори зыхуей хуэзэу и чэзум Iупхыжын папщIэ, Iуэхум хухэха IэмэпсымэхэририкIуу уиIэнми куэд зэрелъытар къыхэзгъэщыну сыхуейщ. Ар къыдэзыгъэхъулIэ машинэхэр зэрытхузэфIэкIкIэ щIэкIэ дохъуэж. Илъэсым зэрыщIидзэрэ IуэхущIапIэхэм тракторыщIэу 96-рэ, гъавэ зэрыIуахыж комбайну 7, нэгъуэщI Iэмэпсымэу 34-рэ яхуедгъэшащ, пщIэкIэ щIыхуэу къэтщтахэри яхэту.

Мэкъумэш IэнатIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм и тегъэщIапIэ нэхъыщхьэщ. Мы гъэм абы хуэдутIыпщащ сом меларди 4-м щIигъу. Япэ илъэс ныкъуэм дыкъызэригъэгъуазэмкIэ, лэжьыгъэр зытетыпхьэм тетщ. Уасэ зекIуэхэм ятещIыхьауэ, щIышылэм - мэкъуауэгъуэм къетхьэлIар сом мелард 19-м нос. Илъэс блэкIам еплъытмэ, ар проценти 4,6-кIэ нэхъыбэщ. БылымылкIи, джэдылкIи, джэдыкIэкIи, шэмрэ гъэшхэкIхэмкIи республикэр хъарзынэу зэгъэпэщащ».

Къызыхуэтыншэу ирохьэлIэж

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм мы махуэхэм къепщытэ ди республикэм и еджапIэхэр, гъэсапIэхэр 2025 - 2026 гъэ еджэгъуэщIэм зэрыхуэхьэзырыр. Министерствэм къыщызэрагъэпэщауэ лэжьыгъэ купщIафIэ щызэфIех а Iуэхугъуэр зи нэIэм щIэт, республикэм и ведомствэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт комиссэ щхьэхуэм.

А IЭНАТIЭМ и лэжьакIуэхэм нэмыщI, абы хэтщ УФ-м и МЧС-м, МВД-м, ФСБ-м я управленэхэу КъБР-м щыIэхэм, «Роспотребнадзор»-м, «Ростехнадзор»-м я IэщIагъэлIхэри. Комиссэм хэтхэм зэрыжаIэмкIэ, еджапIэхэм, гъэсапIэхэм я нэхъыбапIэр хуэхьэзырщ гъэ еджэгъуэщIэм, языныкъуэ IуэхущIапIэхэм иджыри щокIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр.

ДэнэкIи хуэдэу, Шэджэм районым хыхьэ еджапIэхэм, садхэм я бжэхэр фокIадэм и 1-м къыхузэIуахыжынущ щIыналъэм и ныбжьыщIэхэм. Ахэр гъэ еджэгъуэщIэм зэрыхуэхьэзырым набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ а Iуэхугъуэм къыхузэрагъэпэща комиссэ щхьэхуэм хэтхэр, щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Борсэ Юрэ я пашэу. Район администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, къэпщытакIуэхэм гулъытэ хэха хуащI еджапIэ унэхэм я щытыкIэм, дерсхэр щекIуэкIыну пэшхэм я зэпэщыкIэм, школхэм сабийхэр ерыскъы пщтыркIэ къыщызэгъэпэщыным, апхуэдэуи шынагъуэншагъэмрэ къабзагъэмрэ я хабзэхэр щыгъэзэщIэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэфIэха зэрыхъуам. КъинэмыщIауэ, къапщытэ школхэр, гъэсапIэхэр IэщIагъэлIхэмкIэ ирикъуу къызэрызэгъэпэща, зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэм щIэныгъэ зрагъэгъуэтын папщIэ а IуэхущIапIэхэм щыIэ Iэмалхэр зыхуэдэр.

Мы зэманым ирихьэлIэу щIыналъэм и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм къызэщIиубыдэ IуэхущIапIэ 38-м (абы хохьэ курыт школхэр, сабий гъэсапIэхэр, ныбжьыщIэхэм программэм и лейуэ щIэныгъэ гуэдзэн щызрагъэгъуэт еджапIэхэр) апхуэдэ къэпщытэныгъэхэр щекIуэкIащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми къызыхуэтыншэу щрагъэкIуэкIащ ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр. IуэхущIапIэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэм арэзы укъещI, абыхэм я пщIантIэхэр, къедза щIыпIэхэр зэпэщщ, къабзэщ, хуитщ. Нэрылъагъу зэрыхъуамкIэ, щIыпIэм и сабий садхэм екIуэлIэжыну цIыкIухэми и курыт школхэм щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэтынухэми Iэмал псори яIэщ я мурадхэр къайхъулIэн папщIэ.

ЩIыналъэм гулъытэ щыхуащI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм адэкIи зегъэужьыным, ар егъэфIэкIуэным. Абы и лъэныкъуэкIэ яхуэ еджапIэщIэхэмрэ гъэсапIэщIэхэмрэ. Абы и щыхьэтщ фокIадэм и 1-м Шэджэм къалэм курыт школыщIэ къызэрыщызэIуахынур. НыбжьыщIэ 820-рэ зыщIэхуэну еджапIэр зыхуей-зыхуэфI псомкIи къызэгъэпэщащ. Абы и пэшхэр хуитщ, нэхущ, инженер-коммуникацэ, унэлъащIэрэ техникэ я лъэныкъуэкIи псори тэрэзщ. ЕджапIэщIэм зэхуэдэу щогуфIыкI егъэджакIуэхэри, школакIуэхэри, абыхэм я адэ-анэхэри.

Егъэджэныгъэм и иджырей мардэхэм хуэкIуэ апхуэдэ школыщIэ щаухуэнущ жылэм и ищхъэрэ хьэблэми. Абы хухахакIэщ ухуэныгъэр щрагъэкIуэкIыну щIы Iыхьэ. Мы зэманым IэщIагъэлIхэр йолэжь, къапщытэ школыщIэм и проектымрэ абы текIуэдэну мылъкумрэ. А ухуэныгъэщIэм къыдэкIуэу, щIыналъэм курыт школ 12-м куэд дэмыкIыу щаублэнущ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр. Ахэр федеральнэ программэ хэхам хагъэхьэным хуэщIа тхылъхэр ягъэхьэзыращ икIи зи пщэрылъ IэнатIэм хуагъэхьащ. А дэфтэрхэм япкъ иткIэ, 2026 гъэм къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм дэт курыт школ №2-р, Нартан жылэм дэт сабий садыр. КъыкIэлъыкIуэу, 2027 гъэм, ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щаублэну я мурадщ Нартан жылэм дэт курыт еджапIэ №1-м.

Гъэ еджэгъуэщIэм къызыхуэтыншэу ирихьэлIэжыным хуэгъэпсауэ дэнэкIи щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэфIхэм я фIыгъэкIэ зэпэщ хъуащ, зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкIи къызэрагъэпэщащ ди республикэм и школхэмрэ сабий садхэмрэ. ФокIадэм и 1-м абыхэм екIуэлIэжынущ екIуу зызыгъэпсэхуа, гъэ еджэгъуэщIэм къахуигъэув къалэныщIэхэм къимыкIуэту пэлъэщыну зи мурад ди сабий, ныбжьыщIэ минхэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● ПсапащIэ

«Нэмысым» и сабий насыпыфIэхэр

Ди республикэм и къалащхьэ Налшык ныбжьыщIэхэм я узыншагъэр щызэфIагъэувэжу дэт «Нэмыс» IуэхущIапIэм иджыблагъэ зэIущIэ хьэлэмэт щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщат КъБР-м ЩIыналъэм Iуэхухэр щызегъэкIуэнымкIэ и центрым (ЦУР), республикэм Сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэ Бэдракъ Iэминэрэ «Зодчий» архитектурэмкIэ сабий школымрэ и гъусэу.

- САБИИГЪУЭР цIыхум и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэманщ, сыту жыпIэмэ а лъэхъэнэращ и къэкIуэнум лъабжьэ хуэхъунур абы щигъэтIылъыр, - Iуэхугъуэм тепсэлъыхьу жеIэ ЦУР-м и унафэщI КIэдыкIуей Мадинэ. - Дэтхэнэ сабийри хуэныкъуэщ IэфIагъ, гуапагъ, хуабагъ, лъагъуныгъэ, къыщалъхуа щIыпIэмрэ къыщыхъумрэ емылъытауэ. Дэ, балигъхэм, ди къалэнщ ди сабий псори зыхуей хуэдгъэзэну, набдзэгубдзаплъэу дахущытыну, ахэр фIыуэ зэрытлъагъур гурэ псэкIэ зыхедгъэщIэну. Дызыхэт Iуэхугъуэри аращ зыхуэгъэпсар: сабийхэм я гукъыдэжыр къэтIэтыну, я гум дэрэжэгъуэ къыщыдгъэушыну, яхудиIэ гурыщIэ къабзэр зыхедгъэщIэну.

ИпэжыпIэкIэ, апхуэдэу къызэгъэпэща хъуат махуэщIыр. АрхитектурэмкIэ сабий еджапIэм и IэщIагъэлIхэм ныбжьыщIэхэр ирагъэсащ унэхэм, къалэхэм я проектхэр ящIыфу. Архитектор ныбжьыщIэу зызылъытэжа сабийхэм я лэжьыгъэхэр хьэлэмэт защIэт. Абыхэм щыплъагъурт ахэр зыщIэхъуэпс псэупIэ унэхэм, щыджэгуну уэрамхэм я сурэт гъэщIэгъуэнхэр.

- «Нэмыс» сабий центрым и гъэсэнхэр кIэлъыдгъэплъащ проект лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрытщIым. ИужькIэ псоми зэгъусэу «духуащ» унэ екIуэхэмкIэ зэхэт къалэшхуэр, зыгъэпсэхупIэхэр, нэгузегъэужьыпIэхэр, еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэр и куэду, - жеIэ «Зодчий» сабий школым и унафэщI Ксанаевэ Валерие. - Длэжьам сабийхэми балигъхэми гукъыдэжышхуэ къыдитащ. ЦIыкIухэм я нэгу зэIухахэр, насып къызыщIих нэхэр плъагъуну куэд и уасэт.

Апхуэдэу ЦУР-м и IэщIагъэлIхэм ныбжьыщIэхэр хуагъэсащ видеороликхэр трахыфу, я лэжьыгъэхэр хъыбархэр щызэбгрыкI Интернетым иралъхьэрэ ягъэлъэгъуэфу. А псоми гукъыдэж къезыта ныбжьыщIэхэм папщIэ джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр ягъэлъэгъуащ, зэпеуэхэр къызэрагъэпэщащ, уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ ягъэзэщIащ.

ЗэIущIэм и кIэухыу, абы хэта дэтхэнэ ныбжьыщIэми IэфIыкIэхэр зэрылъ хъуржын цIыкIухэр, саугъэт хьэлэмэтхэр тыгъэ хуащIащ. Шэч хэлъкъым а махуэр сабийхэм гукъинэж IэфIу куэдрэ къазэрыдекIуэкIынум. «Нэмысым» и гъэсэнхэм насып яхуэзыгъэшахэми я псапэр куэд ухъу. Апхуэдэхэм я Iуэху зехьэкIэр нэгъуэщIхэми щапхъэфI яхурехъу!

ТАМБИЙ Линэ.

ЛэжьапIэншэхэр мащIэ мэхъу

2025 гъэм мазаем и 1-м ирихьэлIэу лэжьапIэншэу зезыгъэтхахэм пособиеу нэхъ мащIэ дыдэу иратыр сом 1764-рэ хъуащ, нэхъыбэ дыдэр - сом 15044-рэ. Илъэсыр зэрыщIидзэрэ ар иратащ цIыху 4400-м щIигъум.

НОБЭКIЭ псори зэхэту пособиеу сом мелуан 80,3-рэ ятащ е мы гъэм а Iуэхугъуэхэм щхьэкIэ къаутIыпщыну сом мелуани 162,6-м и процент 49,5-р.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, пособиер зыхуагъэувыр абы щхьэкIэ щыIэ хабзэм тету лэжьапIэншэу къалъытахэрщ икIи зэратыр пIалъэ пыухыкIакIэщ.

Апхуэдэу щыхъукIи, Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьапIэншэу щатхахэм я бжыгъэм кIэрыху зэпытщ. Мы гъэм бадзэуэгъуэм и пэщIэдзэхэм ирихьэлIэу цIыху мин 1,3-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ IэнатIэ зимыIэхэр, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIахэм нэхърэ процент 37-кIэ ар нэхъ мащIэщ.

Иужьрей мазихым республикэм цIыхухэм IэнатIэ къахуэзыгъуэт и IуэхущIапIэхэм цIыху мини 2,8-м лэжьыгъэ къалъыхъуэу зыкъыхуагъэзащ. НобэкIэ лэжьакIуэ хуэныкъуэ IэнатIэу мини 6,8-рэ щIыналъэм щыIэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Дызэкъуэту

ЕджапIэ нэхъыщхьэм пщIэншэу щIагъэтIысхьэ

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм зэрызыщIагъакъуэ Iэмалхэм ящыщу лъэбакъуэшхуэу жыпIэ хъунущ лIыхъужьыгъэ зезыхьахэм, абыхэм я бынхэм щIэныгъэ зрагъэгъуэтынымкIэ къэралыр дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъур. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым квотэ щхьэхуэкIэ щрагъэджэну къащтэхэр хуэдитIкIэ нэхъыбэ ящIащ.

УНИВЕРСИТЕТЫМ хъыбар къызэрыдигъащIэмкIэ, дзэ Iуэху хэхам щыIэхэмрэ апхуэдэхэм я унагъуэхэмрэ ящыщу мы гъэм ирагъэджэну студент 82-рэ щIагъэтIысхьащ. Нэгъабэ апхуэдэ Iэмал 36-м яIауэ аращ. Къыхэгъэщын хуейщ а дэIэпыкъуныгъэр къэзыгъэсэбэпу еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьэну хуейхэм я бжыгъэми зэрыхэхъуар: 2024 гъэм 73-м я дэфтэрхэр ятамэ, иджы 335-рэ мэхъу.

Нэхъыбэу щIэупщIэ зиIэр медицинэ, юрист, экономикэ, бзэ щIэныгъэ IэщIагъэхэращ. Экзаменыншэу щIэтIысхьэну хуитыныгъэ зиIэхэм КъБКъУ-р псом япэу хэплъащ. Апхуэдэ Iэмал ират Урысейм и ЛIыхъужьхэм, абыхэм я бынхэм, ЛIыхъужьыгъэм и орденищ зыхуагъэфэщахэм, дзэ Iуэху хэхам хэкIуэдахэм е я къалэныр ягъэзащIэу уIэгъэ хъуахэм я сабийхэм. Апхуэдэ хуитыныгъэкIэ студент 31-рэ къищтащ университетым. Ахэр къыщыхахым къалъытащ ныбжьыщIэхэм я ехъулIэныгъэхэр, олимпиадэхэм зэрыхэтар, аттестатымкIэ ику иту яIэ бжыгъэр. Адрей 51-р дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм я бынхэрщ, ахэр къыщащтэм къалъытащ ЕГЭ-м къыщахьа баллхэр. Квотэр къэзымыгъэсэбэпам Iэмал иIэщ къыкIэлъыкIуэ илъэсым абыкIэ щIэтIысхьэну.

КъБКъУ-м егъэджэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректор Лесев Вадим университетым и Iуэху бгъэдыхьэкIэм теухуауэ жеIэ: «Дэ ди дежкIэ пщIэшхуэщ СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я бынхэмрэ защIэдгъэкъуэну Iэмал зэрыдиIэр. Ди дэIэпыкъуныгъэр ахэр еджапIэм къызэрыщIэдгъэтIысхьам деж къыщыувыIэркъым. Гуныкъуэгъуэншэу щIэныгъэ зрагъэгъуэтын папщIэ, сыт и лъэныкъуэкIи университетым защIегъакъуэ: ахъшэкIэ, щыпсэуну пэшкIэ. Шэч къытетхьэркъым IэщIагъэ нэс зэрызрагъэгъуэтынум, къэралым и зыужьыныгъэм сэбэп зэрыхуэхъунум ахэр иужь зэритынум».

Зи гугъу тщIы щIалэгъуалэм ящыщу еджапIэ нэхъыщхьэм щIэхуахэм ящыщ зыбжанэм КъБКъУ-м дыщегъэгъуазэ:

Элладэ и адэр дзэ Iуэху хэхам къалэн щигъэзащIэу хэкIуэдащ. «Ди унагъуэм иджыри къыздэсым зыкъытхуэщIэжыркъым, ауэ си фIэщ мэхъу, псэужамэ, си адэм си Iуэхур къыздиIыгъынут», - жеIэ хъыджэбзым. Экзамен хэмыту, ар щIагъэтIысхьащ университетым «Социология» и къудамэм. Элладэ СВО-м зи адэ щыIэхэр къыхуреджэ абыхэм я лIыгъэр зыщамыгъэгъупщэну, ямыгъэулъиину.

Тимур КъБКъУ-м «Хъыбар шынагъуэншэ» и къудамэр къыхихащ, зэрысабийрэ IT технологиехэм дахьэх. «ХъыбарегъащIэ Iэмалхэм сыщIыдихьэхыр зэпымыууэ щIэ гуэрхэр зэбгъэщIэн, киберщIэпхъаджагъэхэм уапэщIэтын щхьэкIэ, IэмалыщIэхэр зэпымыууэ къэплъыхъуэн зэрыхуейрщ». Тимур и хъуэпсапIэщ къыхиха IэщIагъэм фIыуэ хищIыкI хъуну.

Iэминэ «Экономикэ» къудамэм экзамен имыту щIэхуащ. И адэр Луганск щIыналъэм къулыкъу щищIэу, мызэ-мытIэу уIэгъэ хъуащ. «Ди къэралым и налог ухуэкIэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэсщIыну сыхуейуэ мы IэщIагъэр къыхэсхащ», - жеIэ абы.

Магомед и адэр дзэ Iуэху хэхам хэкIуэдащ, ЛIыхъужьыгъэ орденыр къыхуагъэфэщащ. ЩIалэр абы хуэфэщэну къохъу, кибершынагъуэншагъэр къызэрызэрагъэпэщым хуеджэну университетым щIэтIысхьащ.

Студентхэр УФ-м ЩIэныгъэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмкIэ и министерствэм хуэарэзыщ, апхуэдэ гулъытэ къызэрыхуащIам, пщIэншэу къэралым и еджапIэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщым щеджэну Iэмал къызэрыратам щхьэкIэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Адыгэбзэр игъэбзэрабзэт

КъБАССР-м ЩэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Безрокъуэ Хужь къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

БЕЗРОКЪУЭМ и лэжьыгъэ тхылъым тхыгъэ куэд иткъым. 1932 гъэ – Кэнжэ къуажэм и пэщIэдзэ школым и егъэджакIуэщ. 1935 гъэ – комсомолым и областной комитетым и лэжьакIуэщ. 1937 гъэ – Къэбэрдей-Балъкъэр радиом адыгэбзэмкIэ и дикторщ.

Илъэс 40-кIэ лэжьат Хужьи, абы IэнатIэу зэрихьуэкIар щы къудейщ, ауэ фIыщIэ тхылъу абы къратар, щытхъуу цIыхум хужаIэр къыпхуэмыбжынщ. Иужь дыдэу абы и тхылъым итщ: «Радиовещанэм зиужьын папщIэ хэплъхьа къарур, уи фIыщIэр къилъытэкIэрэ, РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УказкIэ уэ, Безрокъуэ Хужь Сэхьид и пхъум, къыпфIащащ «РСФСР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, 1977 гъэ».

Радиовещанэм ди республикэм зыщиужьынымкIэ Хужь и къару еблэжакъым. Абы къыбжиIэжыфынут, зы махуэм адрейр кIэлъыкIуэу, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом зэрызиужьар. ИщIэжырт радиом япэ дыдэу концерт къит щыхъуар, ар къызэрызэрагъэпэща щIыкIэр: дикторым патефон бгъэдэту кърригъауэу, пIэщIэгъуэкIэ пластинкэхэр зэрагъэдзэкIыу. Апхуэдэу концерт кIыхь къыпхуэтынт? - патефоныр къыщIахыу щIаIуэнтIэхукIэ, дикторым жиIэн къигъуэтын хуейт. Диктор Безрокъуэм Iэджэрэ къиту щытащ студием къыщызэхуэса цIыхухэм я концерт: къуажэм къраша лIыжь гупхэм уэрэд жаIэу е оркестрым макъамэ игъэзащIэу.

«Псалъэр Налшыкщ, фи пщэдджыжь фIыуэ, ныбжьэгъухэ!» – а псалъэхэм илъэс плIыщIкIэ пщэдджыжь къэс ди къуажэхэмрэ къалэхэмрэ къыщIэтаджэу екIуэкIащ. ИкIи Безрокъуэм сыт щыгъуи иIэт пщэдджыжьыр зыгъэбжьыфIэ хъыбархэр.

Хужь радиом и лэжьакIуэ куэдым яхуэхъуащ егъэджакIуэ, адыгэбзэм и къулеягъыр шэрыуэу къэгъэсэбэпынымкIэ, псалъэухахэр тэмэму, зэхэщIыкIыгъуэу зэхэлъхьэнымкIэ.

Безрокъуэ Хужь илъэс 60 ирикъуа нэужь пенсэ тIысыжат. Ауэ абы псэуху щIыхь зыпылъ къалэн ихьащ: ар щыкъу анэ нэмысыфIэу, гуащэ гумащIэу, анэшхуэ IэфIу щытащ.

Тыншу зы ехъулIэныгъи къакIуэркъым. Илъэс плIыщIкIэ радиом ущылэжьэнри тыншкъым. Псом хуэмыдэу ар гугъуащ Хужь дежкIэ. Адыгэбзэ алфавитыр а зэманым къриубыдэу тIэунейрэ яхъуэжащ. Жэщхэм, жей имыIэу, алфавитыщIэр зригъащIэу пщэдджыжьым къэпсэлъэн хуейт. ДэIэпыкъуэгъу иIэтэкъым, унагъуэри зэрихьэрт, сабиитIри ипIырт. Пенсэм кIуа нэужь илъэс 30-м щIигъукIэ псэужащ ар, ауэ, итIани, «Жьыщхьэ махуэ ухъу!» – жепIэфынутэкъым, «жьы» псалъэмрэ Хужьрэ апхуэдизкIэ зэпэIэщIэти. Ар псэуху щытащ гумызагъэу, гушыIэрейуэ, цIыхухэм яхуэгупцIанэу. Хужь зыцIыхуу е и макъыр зи нэIуасэу щыта дэтхэнэ зыми ар фIыкIэ ягу къинэжащ.

УФ-м профтехегъэджэныгъэмкIэ и отличник Безрокъуэ Маритэ:

Илъэс 50-м нэблагъэкIэ республикэ радиом щылэжьа Безрокъуэ Хужь унагъуэ дахэ, гъэса къызэринэкIащ. Хужь и щхьэгъусэ Безрокъуэ Уэсмэн адыгэ лъэпкъым щыщу япэ дыдэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтахэм ящыщщ, прокурору лэжьащ. Хужьрэ абырэ къуэрэ пхъурэ зэдапIащ, гъэсэныгъэ дахэрэ щIэныгъэрэ ирагъэгъуэтащ. Дрогушхуэ лъэпкъым, Iыхьлым я напэ тезых, цIыхум къадемыкIуэкIыф, лэжьакIэ зымыщIэ яхэмыту къызэрекIуэкIам. Ахэр псори езыр-езыру нобэ къэкIуа унагъуэ насыпкъым. И пщIэр лъагэу Хужь лъэпкъым хэсащ. Кэнжэ къуажэм щыщ Тэтэрхэ япхъут езыр. Благъэри, гъунэгъури, ныбжьэгъури иIыгъыфу, бгъэдыхьэкIэ яхуиIэу апхуэдэт.

Ди анэшхуэ Безрокъуэ ХутIитI илъэси 102-кIэ псэуащ. Ар Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм дэсти, къалэм зыщрагъэгъэпсэхуну, тIэкIу щагъэIэну ипхъухэм къашэрт. АрщхьэкIэ, ипхъухэм я деж куэдрэ щыIэн идэртэкъым, си къуэмрэ Хужьрэ я деж сыфшэж жиIэрти. «Уи къуэмрэ уипхъухэмрэ зэхуэбгъадэркъым, ди деж ущыIэну пфIэфIкъым», - жаIэу малъхъэхэр къехъурджауэрт.

Хужьрэ Уэсмэнрэ я унэр сыт щыгъуи цIыху кIуапIэт. Къуажэм дыкъикIауэ деджэнуми, экзамен ттыну къытпэщылъми, лэжьапIэ дыувынуми - псори абыхэ я деж дыщыIэну дыхуейт, апхуэдизкIэ нэфIэгуфIэу, я гумрэ я нэгумрэ зэIухауэ, я Iэнэр зэтету, цIыху гуапэхэти.

Хужь и лэжьыгъэм хуищI пщIэр, хуиIэ щытыкIэр умылъагъункIэ Iэмал иIэтэкъым. Къэхъуакъым зэгуэр лэжьапIэм къыщыкIэрыхуа. Къалэр жейрт Хужь лэжьапIэм щыкIуэкIэ. Япэм, иджы хуэдэу, ипэ иту нэтынхэр ирагъэтхыртэкъым, атIэ жаIэр эфирым занщIэу кIуэрт. Ар къызэджэ псори «эфир занщIэт».

Си унэцIэр зэхэзыххэм: «Хужь уи сыт? - жаIэу щIэупщIэрт. - И макъыр сыту гуакIуащэ, сытуи жьакIуэу къеджэрэ, адыгэбзэр сыту дахэу игъэбзэрабзэрэ», - жаIэу апхуэдэт, пщIэ хуащIу зэредаIуэри къыхагъэщырт. Ахэр си гуапэ дыдэ хъурт.

Спорт зэхьэзэхуэхэр, щэнхабзэ фестивалхэр, зэхыхьэхэр фIэфI дыдэт Хужь. Ди къэралым и Гимныр къыщеуэкIэ къэтэджырт, дэри абы дыдэплъейрт. УщIалэу а хьэлыр зыхэплъхьа иужькIэ уи гум къонэ. Къэралым и Гимным абы апхуэдизкIэ пщIэ хуищIырти, ар зылъагъухэм щапхъэ тетхырт.

Сэ сыщеджар КъБКъУ-м и адыгэбзэ-урысыбзэ къудамэрщ. Абы сызэрыщIэтIысхьам Хужь и фIыгъэ хэлъу къызолъытэ - адыгэбзэр зэригъэбзэрабзэр, хуищI пщIэр зыхэсщIат. Сэ сыщыщIэтIысхьэ илъэсым абы ипхъу Ленэ урысыбзэ къудамэм и етхуанэ курсым щеджэрт. Къыхэсха IэщIагъэр къыщащIам, къыздаIыгъауэ щытат си анэми

Хужьи. Ленэ сишэри, си тхылъхэр зэгъусэу университетым еттат. Илъэс 43-рэ хъуауэ егъэджакIуэ IэщIагъэм сыпэрытщ, си дипломыр къысщхьэпэжащ.

Тэтэрхэ япхъуми, Безрокъуэхэ я деж и гъащIэм и нэхъыбэр щызыгъэкIуа Хужь ди лъэпкъым и унэцIэр игъэпэжу псэуащ. Абы и цIэр фIыкIэ зэрыжаIэр, зэрагъэлъапIэр, зэращымыгъупщэр ди гуапэщ.

КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Мыз Майе:

- Си егъэджакIуэ, гъуэгугъэлъагъуэ Безрокъуэ Хужь цIыху пэжу, цIыху къабзэу зэрыщытар сигу къинэжащ. Радиом сыщIэдэIуу сыкъэхъуати, Хужь и макъыр фIыуэ сщIэрт. Апхуэдизу сфIэфIу махуэ къэс сызэдаIуэ а бзылъхугъэр нэхъ гъунэгъуу зээгъэцIыхуну си гуапэт. ИужькIэ, университетым сыщыщIэсым, ди егъэджакIуэхэм къызжаIащ радиор диктор зэрыхуэныкъуэр, си макъыр абы хуэкIуэну къызэралъытэр. А зэманым дикторхэр зэпеуэкIэ къыхахыу арати, си адэ-анэри, си щхьэгъусэри а Iуэхум арэзы щытехъуэм, сыкIуащ. Абы цIыхушхуэ екIуэлIат. Зэпеуэм и къэпщытакIуэхэм нэхъыфIу къалъытахэм къытхэдэжын хуейт. Иужь псалъэр Безрокъуэ Хужь къыщылъагъэсым, сыкъыхихауэ щытащ.

Лэжьыгъэм хуэпэжу гу къабзэкIэ пэрытащ Хужь. Пщэдджыжь нэмэзым лэжьапIэм къакIуэрт. Сэ жьы дыдэу сыкIуэу къысщыхъуж щхьэкIэ, ар си япэжкIэ къэкIуауэ зэрыщIэсыр згъэщIагъуэрт, газетым къытехуахэм ятеухуауэ къызэрыпсэлъэнум зыхуигъэхьэзырауэ. 1977 гъэм лэжьапIэ сыувауэ щытащ. Илъэс 40-кIэ лэжьэну хунэсат абы щыгъуэм си егъэджакIуэр. Япэ дыдэу микрофоным сыщытIысам Хужь сызэрытригъэгушхуауэ щытар нобэ хуэдэу сощIэж. Сызэригъэса илъэсым къриубыдэу щапхъэ куэд тесхащ, цIыхугъэшхуэрэ адыгагъэрэ дэслъэгъуащ.

И лэжьэгъухэр Iуэхум зэрытригъэгушхуэным хущIэкъу зэпытт ар. Редакторхэм къыдат лэжьыгъэхэм абыхэм я Iизынныншэу сыхэIэбэну сызэрыхуимытым, ар зэгъэзэхуэжын хуейуэ къэслъытэмэ, яжесIэн зэрыхуейм сыхигъэгъуэзащ. Радиом и лэжьакIуэхэм гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ Хужь къытекIуэн нобэр къыздэсым срихьэлIакъым, апхуэдизкIэ цIыхугъэшхуэ хэлъти. И IэнатIэр фIыуэ илъагъуу радиом щыIащ. СигъэлъэгъуагъуэгуМ сытет си гугъэу нобэр къыздэсым гукIи псэкIи солажьэ, къызжиIа псалъэхэр си гъуазэу, ахэр сщымыгъупщэу.

Радиожурналисту илъэс куэдкIэ лэжьа Къудей Лидэ:

- Безрокъуэ Хужь и макъыр зымыщIэ, фIыуэ зымылъагъу республикэм истэкъым, абы радиомкIэ къит хъыбархэм цIыхубэр яфIэфIу едаIуэрт. Сэ лэжьэн щыщIэздзам адыгэ редакцэм щыIэ цIыхухъу гупым - Журт Биберд, Къагъырмэс Борис, Теувэжыкъуэ Петр сымэ - сахыхьауэ щытащ. Ахэр псори къыздэIэпыкъуну хьэзырт, адыгэбзэр зэрысщIэм, ар фIыуэ зэрыслъагъум щыгуфIыкIыу апхуэдэт, тIэкIуи сагъафIэрэ жыпIэну. Абы щыгъуэм Хужь нэхъ ткIийуэ къызбгъэдыхьауэ щытащ. «Уэ цIыкIур, микрофоным къэтIыси, укъызэреджэм дегъэплъыт», - къызжиIащ абы. Хужь тхыгъэм сыкърригъаджэри: «Сыт абы и макъыр зищIысыр? Сабий макъ Iейщ», - пищащ. «НтIэ, сабий нэтынхэм къедгъаджэ хъунукъэ?» - зыгуэрым щыжиIэм, арэзы техъуауэ щытащ. Абы и макъ дахэм, парт унафэхэм Iэтауэ къызэреджэм тепщIыхьмэ, пэжт Хужь жиIар.

Лэжьыгъэ гугъу дыдэт а зэманым ар зыпэрытыр. Зы хьэрфкIэ щыуамэ е тIэкIу теплъэкъукIамэ, дикторыр IэнатIэм IуагъэкIыфынут, макъыр зэрыдахэми емылъытауэ. Абы теухуауэ Хужь цIыху зэщIэкъуат, жэуаплыныгъэр зыхищIэу, и лэжьыгъэм елIалIэу, егугъуу пэрытащ. А зэманым радиом и лэжьыгъэм пщIэшхуэ иIэт икIи гугъут. Коммунист партым и унафэшхуэхэр адыгэбзэкIэ жэщым зэрадзэкIыу газетым къытехуа нэужь, зэрыщыту а напэкIуэцIхэм къеджэну я къалэну щытащ. А зэманым радиом щылэжьахэм я Iулыджыр лъагэт. ТщIэр яфIэину, яфIэдахэу щыжаIэкIэ, зы гурыфIыгъуэ гуэр абы къыдитырт. Лъэхъэнэм декIуу щытахэщ. А нэхъыжьхэр зэрыдгъэпэжар, пщIэ зэрахуэтщIыр арауэ къысщохъу ноби лъэкIыныгъэ, зэфIэкI гуэр щIыдиIэр. Дызэрыхуеймкуэдэу зэманыр дымыузэдами, сыхьэт 24-кIэ республикэм щыпсэухэм дызэхахыу радиор зэрылажьэм я псэр зэрыщыгуфIыкIым шэч къытесхьэркъым.

Зыгъэхьэзырар **ТЕКIУЖЬ Заретэщ**.

● ДифI догъэлъапIэ

IуэхугъуэфIхэмкIэ гъэнщIа гъуэгуанэ купщIафIэ

Гуапэ зэрыхъущи, ди щIыналъэр къулейщ зи IэнатIэр хьэлэлу, къызыхуэтыншэу езыхьэкI лэжьакIуэ IэзэхэмкIэ. Апхуэдэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етIуанэ, ещанэ зэхуэсхэм я депутату щыта, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и экономист, СССР-м и Къэрал банкым и отличник, «Налшык» банкым и Правленэм и УнафэщI Эндреев Борис Iэубэчыр и къуэр. Ди республикэм и экономист нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм хуэфащэ дыдэу халъытэ Эндреевым и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 75-рэ ирокъу.

ЭНДРЕЕВЫР 1950 гъэм и шыщхьэуIум и 15-м къалъхуащ. Абы и адэ Iэубэчыр Къайсын и къуэр, гуащIэдэкI лэжьыгъэм къыпимыкIуэт, гъащIэр, цIыхур фIыуэ зылъагъу, зи благъэ-Iыхьлыхэм яхуэгумащIэ цIыху хьэлэмэтыр, щIалэщIэм и дежкIэ дапщэщи щапхъэ нэсу къекIуэкIащ. Ар лIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу хэтащ Фин зауэми Хэку зауэшхуэми. Iэубэчыр яхэтащ Ленинград къэухъуреиныгъэ ткIийм къишынымкIэ а щIыпIэм щекIуэкIа зэзауэ гуащIэхэм. Апхуэдэ зэпэщIэувэныгъэ ткIийхэм ящыщ зым Эндреевыр уIэгъэ хьэлъэ щыхъуати, сымаджэщым зэман кIыхькIэ щIэлъащ. ЛъэкIэ зэрыувыжу, хэкупсэу зи дунейр езыхьэкI Iэубэчыр фронтым Iухьэжри, бийм адэкIи езэуащ. Ар етIуанэу уIэгъэ хьэлъэ хъури, и лъакъуэ лъэныкъуэр имыIэжу уIэгъэщым къыщIагъэкIыжащ. Апхуэдэу, Iэубэчыр и унагъуэр и гъусэу щIыпIэ жыжьэм щишэчащ 1944 – 1957 гъэхэм балъкъэр лъэпкъым щыщхэм я щхьэ кърикIуауэ щыта насыпыншагъэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ, гугъуехьхэмрэ бэлыхьхэмрэ. А лъэхъэнэ хьэлъэм игурэ и псэрэ фIэмыкIуэду къикIащ а нэхъыжьыфIри, и унагъуэри. Щалъхуа щIыналъэм къагъэзэжа нэужь, Эндреевхэ дэтIысхьащ Жэмтхьэлэ жылэм.

Мыбдежми, дауи, щымащIэтхьым гугъуехьхэмрэ лъэпощхьэпо зэмылIэужьыгъуэхэмрэ, атIэми, зи хэку къэзыгъэзэжахэм щIэгъэкъуэн къахуэхъуу къалъытэрт псэщIэрэ къаруущIэрэ къахэзылъхьэж хьэуар, щIыуэпсыр, цIыхухэр. «Гугъэр адэжь щIэинщ», жыхуаIэрати, фIым хуэплъэрэ нэхъыфIыжымкIэ гугъэурэ а щытыкIэ гугъуми къикIыфащ Эндреевхэ я унагъуэр, я лъэпкъэгъу минхэм хуэдэу.

Борис игу къызэригъэкIыжымкIэ, абыхэм я унагъуэшхуэм исхэр, малъхъэдисым хуэдэу, я фIылъагъуныгъэмкIэ зэрапхырт адэанэм. Хэкум къагъэзэжа нэужь, Iэубэчыр хъумакIуэу уващ жылэм щызэхэт хозяйствэм и техникэр щигъэув Iуэхущ IапIэм. Ар езыр IэпщIэлъапщIэти, зэман кIэщIым къриубыдэу зыхуигъэсат хьэкущI IэщIагъэм. Лъакъуэ лъэныкъуэ фIэкIа зимыIэжым и дежкIэ, дауи, тынштэкъым чырбыш хьэлъэхэр зэтеплъхьэну, атIэми а лэжьыгъэр Iэубэчыр зэфIихырт фIагъышхуэ хэлъу икIи зэман кIэщIым къриубыдэу. Жэмтхьэлэ Ипщэми Жэмтхьэлэ Ищхъэрэми а лъэхъэнэм щыпсэуа унагъуэхэм я нэхъыбапIэм я хьэкухэр зэтезылъхьар Эндреев нэхъыжьырт. ХьэкущI Iэзэу зи цIэр Iуа Iэубэчыр хамэ жылэхэми яшэурэ хьэку яхуищIырт.

Унагъуэшхуэм я анэ Багъэлыи быным ятеубгъуауэ и гъащIэр ихьащ. Бынхэр, щхьэгъусэр зыхуей хуэгъэзэным епха Iуэхухэм къадэкIуэу, ар цым елэжьырт, зы дакъикъэ нэхъ мыхъуми къыщыхукъуэкIым деж. КъинэмыщIауэ, сабий нэхъыжьхэр и гъусэу абы зэрихьэрт унагъуэхэм яIэ хабзэ жэм зытIущыр, мэл хъушэр, джэдкъазыр. А Iуэху псори тэрэзу щызэфIах, я лэжьыгъэм и хъери зылъагъуж унагъуэшхуэм исхэр зыхуей-зыхуэфIхэм щымыщIэу, ял къимыщу, я ныбэ мыныкъуэу псэурт.

Iэубэчыррэ Багъэлырэ ягъэгуфIэрт жыIэщIэу, жыIэдаIуэу, пщIэрэ нэмысрэ зыхэлъу къэхъу я бынхэм. Апхуэдэ дэрэжэгъуэ адэ-анэм езытхэм ящыщт Бориси. Иджыри щIалэ цIыкIу ныбжьым иту абы дэплъагъурт хьэлыфI куэд. Къапщтэмэ, ныбжьыщIэр жэуаплыныгъэ хэлъу бгъэдыхьэрт къалэн къыщащI унагъуэ къалэнхэм, абыхэм ящыщ дэтхэнэри нэгъэсауэ, къызыхуэтыншэу зэригъэзэщIэным хущIэкъуу. Еджэнми хуэжыджэрт Борис. Жылэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, Къэрал банкым Совет районым щиIэ къудамэм ныбжьыщIэм кърита щ СССР-м и Къэрал банкым и нэIэм щIэт, Астрахань къалэм дэт Учетнэ-кредитнэ техникумым щыщIэтIысхьэкIэ сэбэп къыхуэхъуфыну тхылъымпIэ, щIыпIэр апхуэдэ IэщIагъэлI зэрыхуэныкъуэр иту. Зыхуеджэну IэщIагъэм и зэхэлъыкIэм нэсу химыщIыкIыми, нэхъыжьхэм я чэнджэщым щIэдэIуу къэхъуа щIалэщIэр тегушхуащ Iуэхум икIи а лъэхъэнэм цIэрыIуэу, пщIэ иIэу къалъытэу щыта еджапIэр ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. Нэхъ иужьыIуэкIэ, 1977 гъэм, Эндреев Борис и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Тэн Iуфэ Iус Ростов къалэм ЦIыхубэ хозяйствэмкIэ дэт институтым.

IэщIагъэлI ныбжьыщIэм лэжьэн щIидзащ 1970 гъэм. Абы щыгъуэ ар экономисту уваувэ щытащ СССР-м и Къэрал банкым КъБР-м щиIэ IэнатIэм и Нарткъалэ къудамэм. ИлъэситIкIэ абы щыIауэ, Эндреевым лэжьыгъэм щыпищащ Къэрал банкым и республикэ IэнатIэм Совет районым щиIэ къудамэм. А IуэхущIапIэм и пашэу щыту, Борис зыкъигъэлъэгъуащ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI цIыху акъылыфIэу. 1972-1987 гъэхэр гъэнщIат лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ, банкир лъэрызехьэм и зэхэщIыкIым, Iэзагъым, зэфIэкIым нэхъри хэзыгъэхъуа, адэкIи зезыгъэужьа IуэхугъуэфIхэмкIэ. Псом хуэдэжтэкъым социальнэ и лъэныкъуэкIэ Эндреевым а илъэсхэм зэфIиха лэжьыгъэшхуэр. КъыхэбгъэщыкIу ирикъунщ мы зыр: Эндреевыр нэгъуэщI IэнатIэ щыкIуэм ирихьэлIэу IуэхущIапIэм и IэщIагъэлI псори псэупIэ зэпэщхэмкIэ къызэгъэпэщат. А Iуэхур зригъэхъулIэн мурадкIэ, банкым дапщэщи и Iыхьэ хилъхьэрт псэупIэ унэхэм я ухуэныгъэхэм. КъинэмыщIауэ, унафэщI Iэзэм и жэрдэмкIэ банкым и хэщIапIэри ихъуэжат иджырей мардэхэм къезэгъ унэкIэ. Нэхъапэм ар зыщIэсар хьэкукIэ ягъэплъ унэ кхъахэт.

Къэрал банкым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм къызэщIиубыдэ IуэхущIапIэхэр 1987 гъэм ирихьэлIэу зи щхьэ хущытыж банк зыбжанэу зэщхьэщыкIауэ щытащ. Апхуэдэу щыхъум, Эндреев Борис ягъэувауэ щытащ СССР-м и ПсэупIэ-социальнэ банкым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщIу. 1990 гъэм ар хъуауэ щытащ «Налшык» коммерческэ банк. Дауи, апхуэдэ Iуэху зехьэкIэ мардэр куэдкIэ къыщхьэщыкIырт хъумапIэ банкхэр нэхъапэIуэкIэ зытетахэм. Узэрегупсыс хъунумкIэ, Эндреевым ипэ илъэсхэм банк лэжьыгъэм ехьэлIауэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр, Iуэху зехьэкIэхэмрэ еплъыкIэхэмрэ, зэпыщIэныгъэхэмрэ зэдэлэжьэкIэхэмрэ – псоми хуашауэ арат жэуаплыныгъэ лъагэ зыпылъ а къалэнышхуэм, уи щхьэмрэ уи зэхэщIыкIымрэ, щIэныгъэмрэ Iэзагъымрэ фIэкIа нэгъуэщI тегъэщIапIэ здэщымыIэ икIи щумыгъуэтыну къулыкъу лъагэм. А псоми, ди гуапэ зэрыхъущи, пщIэрэ щIыхьрэ пылъу пэлъэщащ IэщIагъэлI акъылыфIэр. Ноби аращ.

Псом япэрауэ, Борис иужь ихьащ банкым и хэщIапIэр убзыхуным. Иджыпсту «Налшык» банкым и унэр здэщытым деж а лъэхъэнэм ухуэныгъэ щиублат «Къэббалъкъпромухуэныгъэ» трестым. Банкым езым и мылъкукIэ а щIыр къищэхужри, и унэр абдеж щиухуэжауэ щытащ.

Къэралыр зэхъуэкIыныгъэ ткIийхэм я зэманым щихуам лъэкIэ ув къудейуэ арат Эндреевым и банкыр. ГъащIэм и лъэныкъуэ псоми ялъэIэса зэхъуэкIыныгъэхэр нэсат банк IэнатIэми. ГурыIуэгъуэт хабзэм утемыплъэкъукIыу утетыныр зэрыIэмалыншэр, зэрыхьзэриймуихьыну ухуэмеймэ. Уи къарум фIэкIаи зыми ущыгугъ зэрымыхъунури хьэкът. А псори нэсу зи акъылым къимытIасэ куэд ежажьэри, уней IуэхущIапIэхэр, банкхэри яхэту, къызэIуахащ. АтIэми, лъэхъэнэ ткIийм пхыкIыфар хабзэм тету Iуэху зезыхьахэрщ, сакъыныгъэ ин яхэлъу къалэнхэр зэфIэзыхахэрщ. Апхуэдэ закъуэтIакъуэм яхэхуащ Эндреевыр зи пашэ IуэхущIапIэр. Мы зэманым «Налшык» банкым и закъуэщ зи щхьэ хущытыж апхуэдэ унейIуэхущIапIэхэм ящыщу ди республикэм щыIэжыр. Ар и щыхьэт наIуэщ IэнатIэм унафэ тэмэм, лэжьыгъэ зэпIэзэрыт, мардэ хэхам тет Iуэху бгъэдыхьэкIэ тэрэз дапщэщи зэрыщекIуэкIым. А щытыкIэращ къэзышар банкым и Iуэхутхьэбзэхэркъэзыгъэсэбэп цIыхухэм абы хуащI дзыхьыр, езы IуэхущIапIэм иIэ хэхъуэр, ар зытет зыужьыныгъэ гъуэгур.

Апхуэдэу лъэ быдэкIэ ува «Налшык» банкыр мы зэманым хэтщ Урысей банкхэм я зэгухьэныгъэм, Урысейм и финанс IуэхущIапIэхэм я Лъэпкъ советым. Ар и шэсыпIэщ IэщIагъэлI нэсхэр зи пашэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ лъэщхэр дапщэщи щIэгъэкъуэн зэрызэхуэхъужым. АбыкIэ нэхъри щIэгъэбыда хъуащ банк IэнатIэмрэ къэралымрэ яку дэлъ зэдэлэжьэныгъэри.

Эндреев Борис и банкыр мылъку къэлэжьыным и закъуэкъым зэрыцIэрыIуэр. Къызэрызэрагъэпэщ лъандэрэ «Налшык» банкыр жыджэру хэтщ ди щIыналъэм, къэралым щекIуэкI псапащIэ Iуэхухэм, я унафэщIыр я пашэу. Абы и лъэныкъуэкIэ къыхэгъэщыпхъэщ КъБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ и нэIэм щIэту къызэрагъэпэщауэ щыта «ЗэпIэзэрытыныгъэ» псапащIэ фондым щекIуэкIа лэжьыгъэфIхэр. Къэралыр щытыкIэ къызэрымыкIуэм щита лъэхъэнэм, нэхъыжьхэм дощIэж, республикэм и УнафэщIым куэдым зыкъыхуагъазэрт, дэIэпыкъуэгъу хуейуэ, мылъкукIэ защIигъэкъуэну лъаIуэу. Къэхъурт республикэм апхуэдэ мылъку щыбгъэдэмылъ (абы щыгъуэ ахъшэншэт зэрыкъэралу). Апхуэдэу щыхъум, Эндреев Борис езым и жэрдэмкIэ пщIэншэу пщэрылъ зыщищIыжащ фондым и лэжьыгъэр зэпыу имыIэу къызэригъэпэщыну. Республикэм и пашэм лъэIукIэ зыкъызыхуэзыгъэзэ куэдым ядэIэпыкъуащ а фондыр. Абыи мылъку щыбгъэдэмылъым деж, Эндреевым и банкым езым и хэхъуэм щыщ яритырт дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм.

КъинэмыщIауэ, Эндреевыр апхуэдэуи жылагъуэ лэжьакIуэшхуэщ. ЦIыхубэм я дзыхь кърагъэзэу, ар тIэунейрэ хахащ КъБР-м и Парламентым и депутату. Зэи къэхъуакъым абы и депутат къалэнхэр нэсу, къызыхуэтыншэу щимыгъэзэщIа, хэхакIуэхэм пщэрылъ къыщащIахэр екIуу щызэфIимыха. Псом хуэмыдэжу Эндреевым гулъытэшхуэ хуищIырт ди республикэм и илъэс бюджетыр тэмэму зэхэгъэува хъуным. Куэдым ноби ящIэж щIыналъэм и социальнэ-экономикэ зыужьыныгъэр, налог Iуэхухэр егъэфIэкIуэнымкIэ абы къыхилъхьауэ щыта жэрдэмыфIхэр. Апхуэдэу Борис илъэс 30-м щIигъуауэ хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ къэрал IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм, абы и Президиумым икIи жыджэру холэжьыхь ирагъэкIуэкI лэжьыгъэ псоми. Профсоюзым къызэригъэпэщ пленумхэм, конференцхэм я утыкушхуэхэм щIэх-щIэхыурэ къыщопсалъэ Эндреевыр, къаIэт Iуэхугъуэхэм ехьэлIа и еплъыкIэхэр къигъэнаIуэу.

Ди республикэм и экономист цIэрыIуэм, IэщIагъэлI щыпкъэм, унафэщI Iэзэм, къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм зэфIих апхуэдэ лэжьыгъэхэм къэрал, жылагъуэ гулъытэ лъагэ ягъуэтащ. 2001гъэм Эндреевым къратащ «Урысейм и менеджер нэхъыфI» дипломыр. Борис къыхуагъэфэщащ щIыхь, фIыщIэ тхылъ куэди. Абыхэм ящыщщ ди щIыналъэм и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр, КъБР-м и Парламентым къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. А дамыгъэхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ къахобелджылыкI УФ-м и Президент Путин Владимир къыхуигъэфэщауэ щыта ФIыщIэ тхылъыр. Ар Эндреевым кратащ «ЗэфIих лэжьыгъэ купщIафIэхэм, щытыкIэ къызэрымыкIуэм хэкIыпIэфI къызэрыщигъуэтыфым, къэралым мылъку къызэрыхуилэжьымрэ цIыхухэм зэрадэIэпыкъум папщIэ».

Борис и цIэр щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмрэ саугъэтхэмкIэ мызэ-мытIэу кърагIуащ Урысей банкхэм я зэгухьэныгъэми Урысейм и финанс IуэхущIапIэхэм я Лъэпкъ советми. А псоми щIыдгъужынщи, ди республикэм, къэралым пщIэ щызиIэ цIыху цIэрыIуэхэм ящыщ нэхъыжьыфIым хуэфащэ дыдэу зэрехьэ нэгъуэщI зы щIыхьыцIи: ар къэралым и банкирхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэщ.

Ди щIыналъэм и нэхъыжьыфIхэм ящыщ Эндреев Борис Iэубэчыр и къуэм дохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэу, ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэригъэхьэу иджыри куэдрэ псэуну, IэнатIэм пэрытыну.

КЪУДЕЙ Владимир.

Гуныкъуэгъуэ зиIэхэм яIуощIэ

КъБР м и прокурор Хабаров Николай щыIащ «Зи закъуэхэмрэ жьы хъуахэмрэ я унэ», «Жьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ я Налшык унэ-интернат» IуэхущIапIэхэм икIи цIыхухэм щаIущIащ.

ПСОРИ зэхэту цIыху 13-м яхуэзащ. Абыхэм зыкъыхуагъэзащ я псэупIэхэр егъэфIэкIуэным, щIы Iыхьэхэр хухахыным, социальнэ ахъшэ къратыным пыщIа Iуэхухэмкiэ, апхуэдэуи тхьэусыхащ хущхъуэхэкIхэмкIэ къызэрагъэпэщыным теухуа я хуитыныгъэхэр зэрамыгъэзащIэм, нэщIысауэ икIи и чэзум медицинэ дэIэпыкъуныгъэ зэрамыгъуэтым, нэгъуэщIхэм ехьэлIауэ.

Зыхуэзахэм я лъэIухэр къыIахащ, ахэр зэхэгъэкIыныр къалэн щащIащ республикэ прокурорым и къуэдзэхэм, аппаратым и къудамэхэм я унафэщIхэм, абыхэм зэрыхэплъэр Хабаровым и нэIэм щIэтынущ.

Къапщтэмэ, зы цIыхубзыр къэтхьэусыхащ ныкъуэдыкъуагъэр хуагъэувыныр кIыхьлIыхь зэращIым, и чэзум медицинэ дэIэпыкъуныгъэ къызэрырамытым, нэгъуэщIхэми ехьэлIауэ.

НэгъуэщIым жиIащ Сбербанкымрэ ВТБ банкымрэ и счетым ахъшэ зэрырахыр, апхуэдэуи суд приставхэм хабзэншагъэ ялэжьу.

БАХЪСЭН Ланэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЛIыщхьэхэр зопсалъэ

Кремлым и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, УФ-м и Президент Путин Владимиррэ КНДР-м унафэщI Ким Чен Ынрэ телефонкIэ зэпсэлъащ. ЛIыщхьэхэм къыхагъэщащ къэралитIым 2024 гъэм и мэкъуауэгъуэм и 19-м Пхеньян щызэращIылIа зэгурыIуэныгъэм тету адэкIи я зэныбжьэгъугъэм, гъунэгъу зэхущытыкIэфIхэм, унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ зэраухылIа зэдэлэжьэныгъэм зэрызрагъэужьынур.

Путин Владимир фIыщIэ ищIу къыхигъэщащ Курск щIыналъэр украин щIэпхъаджащIэхэм къыщыIэщIагъэкIыжым КНДР-р дэIэпыкъуэгъу хъарзынэ къазэрыхуэхъуар, я зауэлIхэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу Iуэхум зэрыхэтар.

Урысеймрэ УнафэщIым Ким Чен Ын щигъэгъуэзащ США-м и президент Трамп Дональд махуэ гъунэгъухэм зэрыхуэзэнум, зи гугъу ящIыну Iуэхугъуэхэм.

Путин Владимиррэ Трамп Дональдрэ я зэпсэлъэныгъэр шыщхьэуIум и 15-м Аляскэм щекIуэкIынущ. УФ-м и Президентым и дэIэпыкъуэгъу Ушаков Юрий жиIащ къэралитIым я лIыщхьэхэр украинэ зэныкъуэкъур зэфIэхыным теухуауэ зэрызэпсэлъэнур.

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэр трагъэгушхуэу

Мы гъэм и шыщхьэуIу мазэм щегъэжьауэ лэжьэн щIидзащ УФ-м и Къэрал Думэм къищта унафэщIэм: абы ипкъ иткIэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм къулыкъур ирахьэкIыху Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм къpикIуам и пIалъэр икIынукъым.

Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ «Урысей Федерацэм егъэджэныгъэм теухуауэ» къэрал унафэм. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм кърикIуахэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэн папщIэ къахьа балл бжыгъэм, илъэсиплI пIалъэ яIэщ.

«Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр сэбэп хъунущ къэралым и хъумакIуэхэм щIэныгъэ зрагъэгъуэтыным тегушхуэнымкIэ, апхуэдэуи къулыкъу нэужьым нэхъ псынщIэу мамыр псэукIэм хэзэгъэжынымкIэ», - жиIащ УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеслав.

Абы къыхигъэщащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ дэIыгъыныр Урысейм и Къэрал Думэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр, абыхэм яхуэгъэзауэ унафи 139-рэ къызэращтар, 15-р мы илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ.

Шыщхьэуiум и 14, махуэку

♦**Абхъазыр зыхъумэу хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**. ♦**1992 гъэм Куржы-Абхъаз зауэм щIидзащ**.

♦**1932 гъэм** Москва Союзхэм я унэм и Колоннэ залым цIыхубэ творчествэмкIэ щекIуэкIа зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм етIуанэ увыпIэр щаубыдащ.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ шэрджэс усакIуэ, тхакIуэ **Дыгъужь Къурмэн**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ Тыркум щылажьэ КАФФЕД-м и президент къулыкъур зезыхьа, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэу щыта **Джандемир (Гугъэв) Джихьан**.

♦**1961 гъэм** къалъхуащ шэрджэс усакIуэ, КъШР-м, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ я журналист **Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Тхьэщыгъуей Жаннетэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 29-рэ, жэщым градус 19 щыхъунущ.

Шыщхьэуiум и 15, мэрем

♦**Археологым и дунейпсо махуэщ**

♦**1855 гъэм** къалъхуащ адыгей усакIуэ, джэгуакIуэ **Теувэж Дзыгъуэ**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ Шэрджэсым и япэ егъэджакIуэ, ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь орденыр зыхуагъэфэща **Уэхъутэ Хьэсэн**.

♦**1907 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, полковник **КIыщокъуэ Рашид**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щхьэцэ Владимир**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Мэкъуауэ Хьэсэн**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Горлов Михаил**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Унэм зыщыгъаси, хасэм яхыхьэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

«ЦIыкIужьейм» къаруушхуэ иIэт

Мы махуэхэм илъэс 80 ирикъуащ (1945 гъэм шыщхьэуIум и 6-м) США-м Японием и Хиросимэ къалэм атом бомбэ зэрыщридзыхрэ. Дунейм нэхъапэм илъэгъуатэкъым апхуэдэ Iэщэ лъэщ. Ауэ иджыри къэс сакъыпэу яхъума а щэхур а махуэ дыдэм наIуэ къищIащ американ президент Трумэн Гарри.

«СЫХЬЭТ 16 ипэкIэ американ кхъухьлъатэм бомбэхэм ящыщ зыр щридзыхащ япон дзэ базэхэр здэщыIэ Хиросимэ, - жиIат абы тхыгъэкIэ цIыхухэм защыхуигъазэм. - А бомбэм тротил тонн мин 20-м щIигъу и лъэщагът. Ар атом бомбэщ. Абы къегъэсэбэп Хьэршым и къарур. Дыгъэм и къарур къизыхих лъэщагъыр ираутIыпщащ зауэр КъуэкIыпIэ Жыжьэм и лъахэм къизыхьахэм я бийуэ».

США-м и президентым хэIущIыIу ищIащ «Манхэттен проект» зыфIаща американ ядернэ программэр зищIысри зыхуэгъэзари. Къыхэбгъэщмэ, жиIащ а программэр гъэзэщIэн 1940 гъэм зэрыщIадзар. «Нэмыцэхэм япеуэн мурадкIэ», я зэфIэкIхэр зэкъуэзыгъэува американ, инджылыз еджагъэшхуэ-физик зэрыхыхьар: нацист Германиери хущIэкъуащ ядернэ Iэщэ ящIыну, ауэ «абы зыри къикIакъым».

А псоми къадэкIуэу, ибзыщIакъым атом Iэщэхэр щIыным теухуа лэжьыгъэхэм зэрызаубгъуар: «мы зэманым дэ диIэщ заводышхуитIрэ нэхъ цIыкIуу куэдрэ. Абыхэм щолажьэ цIыху мин 65-рэ. Тепсэлъыхьащ программэр зэрылъапIэми («доллар мелардитIым щIигъу тедгъэкIуэдакIэу»), дяпэкIэ а мурадхэми («бомбэхэр къыщIагъэкI, ауэ, зэман дэкIмэ, ахэр нэхъ лъэщ хъунущ»).

Ар гъэщIэгъуэнт: иджыри къэс егъэлеяуэ ябзыщIат «Манхэттен проектыр». Хэбгъэзыхьмэ, япэ ядернэ Iэщэ шынагъуэр Хиросимэ щезыдзыха «Энола Гей» Б-29 бомбэзехьэ кхъухьлъатэм цIыху 12 хъу и экипажым щыщу 3 къудейрт пщэрылъ щащIа къалэныр зыхуэдэм щыгъуазэр. Адрейхэм Iуэхур зыIутыр къыщащIар къагъэзэжа нэужьт.

АрщхьэкIэ президентыр псалъэрей хъуауэ аратэкъым. Ар ипэжыпIэкIэ хуейт Японием зыкъригъэту зауэр иухыну, абы къыдэкIуэуи, дауи, СССР-м иригъэлъагъурт езым къаруушхуэ зэрыбгъэдэлъыр, упэуви зэрымыхъунур.

Абы къыдэкIуэу, Трумэн къигъэгугъэрт, Японием зыкъимыту щытмэ, нэгъуэщI и къалэхэми апхуэдэ IэщэкIэ зэреуэнумкIэ. ИкIи и псалъэр игъэпэжащ: махуи 3 нэхъ дэмыкIыу, шыщхьэуIум и 9-м «ГъумыщIэ» ядернэ бомбэр Нагасаки щридзыхащ. Аргуэру махуи 5 дэкIри, 1945 гъэм шыщхьэуIум и 14-м Японием и штаб нэхъыщхьэм и дзэхэм унафэ яхуищIащ фIэкIыпIэ имыIэу зыкъатыну.

А псоми дыщыгъуазэщ куэд щIауэ. Ауэ апхуэдэ дыдэу ужьыхыркъым Америкэм и Штат Зэгуэтхэм ялэжьар гущIэгъуншагъэ дыдэу зэрыщытам, зауэм щытекIуэн папщIэ цIыху мамыр куэд дыдэ зытекIуэда Iэщэ шынагъуэр къызэригъэсэбэпам теухуа псалъэмакъыр. Ар икIи зэи увыIэну къыщIэкIынукъым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, цIыху мин 300 щыпсэуа Хиросимэ, тхыдэджхэм къызэралъытэмкIэ, занщIэу щыхэкIуэдащ е удыным и зэранкIэ 1945 гъэм къриубыдэу щылIащ цIыху мин 90-м къыщыщIэдзауэ мини 166-м нэс. Нагасаки а бжыгъэхэр мин 60-м къыщыщIэдзауэ мин 80-м щынос.

Абыхэм яхэткъым къеуэлIа уз зэмылIэужьыгъуэхэм иужькIэ илIыкIахэр. Ахэр узыгъэгужьей бжыгъэхэщ.

Хэбгъэзыхьмэ, «Манхэттен проектыр» щIыным хэлэжьыхьа IэщIагъэлI зыбжанэми ядэртэкъым атом Iэщэр апхуэдэ щIыкIэкIэ къагъэсэбэпыныр. Еджагъэшхуэхэу Франк Джеймс, Силард Лео, Сиборг Гленн, Хогнесс Торфин сымэ 1945 гъэм и мэкъуауэгъуэм США-м и властхэм хуагъэхьащ «Франк и доклад» зыфIаща дэфтэрыр. Абыхэм американ президентыр къыхураджэрт апхуэдэ Iэщэр Японием и бийуэ къамыгъэсэбэпыну. Абы и пIэкIэ, Токиор ягъэшынэн мурадкIэ, ядернэ Iэщэр цIыху щымыпсэу хытIыгум е пшахъуэщIым къыщагъэуэну къыхалъхьэрт. АрщхьэкIэ «Манхэттен проектым» хэт нэгъуэщIхэм къалъытэрт абы зыри къимыкIыну икIи а Iэщэм и лъэщагъыр къащIэн папщIэ ар зауэм къыщагъэсэбэпын хуейуэ. Езы Трумэн Гарри и гукъэкIыжхэм къызэрыщигъэлъэгъуэжамкIэ, ар яфIэкъабылт Оппенгеймер зипашэгупым. Уеблэмэ, трагъэчыныхьырт, «бийм хуэгъэзауэ а Iэщэр къагъэсэбэпыну». Иужьрейхэрщ зэдэIуар президентри. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ зыри егупсысыххэртэкъым апхуэдэ бомбэ шынагъуэ къалэм дэбдзэныр трибуналкIэ жэуап зрагъэхь щIэпхъаджагъэу зэрыщытым. Ар илъэс 15 дэкIа иужь жиIауэ щытащ ищхьэкIэ зи цIэ къыщитIуа Силард Лео. «Хуит сыкъэфщI сэ мы Iуэхум цIыхугъэ и лъэныкъуэкIэ сызэреплъыр вжесIэну. Псалъэм и хьэтыркIэ, къызыщыдгъэхъунщ дэ абы яужь димыхьэ щIыкIэ апхуэдэ бомбэ игъэхьэзырыным Германиер хунэсауэ. Зыр Рочестер, адрейр Буффалэ щридзыхащ *(США-м и къалэхэщ-***ред***)*. НэгъуэщI бомбэ иIэтэкъыми, зауэм къыщыхагъэщIащ. Зыгуэрым шэч къытрихьэрэ абы атом бомбэхэр къалэхэм зэрыдидзар щIэпхъаджагъэу къалъытэну икIи абы папщIэ жэуапым Нюрнберг щрашэлIэну зэрыщытам?»

Пэжым ухуеймэ, къалэхэм я хьэблэ мамырхэр гъэсын щIэзыдзар нэмыцэхэрщ. ЯпэщIыкIэ Польшэм, иужькIэ Голландием, Франджым, Инджылызым я къалэхэм бомбэ куэд традзащ. Ауэ а псори зауэм щалэжьа хьэкIэкхъуэкIагъэ Iуэхухэмм Нюрнберг щыхагъэхьакъым. Сыт щхьэкIэ? Апхуэдэ дыдэ зэкъуэт къэралхэм я къарухэм ялэжьати. Къапщтэмэ, 1939 - 1945 гъэхэм инджылыз, американ кхъухьлъатэхэм Германием и жылэхэм псори зэхэту лагъым тонн мелуан 1,59-рэ дадзащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, «хиросимэу» 106-рэ. Берлин и закъуэ щрадзыхащ килотонн 540-рэ е «хиросимэу» 36-рэ. ЦIыху мамыру хэкIуэдам и бжыгъэм ущIэмыупщIэми хъунущ, ауэ шэч хэлъкъым мин 80-р зэрысабийм.

Уи нэгу къыщIэбгъэхьэну къудейр шынагъуэщ, ауэ зауэм и нэкIур аращ. Мис апхуэдэ удын хьэлъэхэрщ абы кIэ щигъуэтынур къэзыгъэблэгъар. ЛъэныкъуитIымкIи мыбдеж щыхэкIуадэр цIыху мамырхэт: текIуэфынут ахэр хэмытамэ? Дауи, текIуэфынут, арщхьэкIэ а текIуэныгъэм и уасэр нэхъ инынут, дыдейхэри яхэту зэкъуэт къэралхэм я зауэлI нэхъыбэ хэкIуэдэнут. Мыбдеж ди тхыгъэм и пэм къыщытхьа упщIэм и жэуапыр дыкъуакъуэ щохъу.

Шэч зыхэмылъыжыр зыщ - «ЦIыкIужьеймрэ» «ГъумыщIэмрэ» хуэдэ Iэщэ шынагъуэхэр, куэдкIэ нэхъ лъэщ иджырейхэр къыщIагъэсэбэпын щхьусыгъуэхэр гъащIэм хэгъэкIын хуейщ. Арыншамэ, абыхэм зыри къелынукъым.

Хьэрычэтыр нэхъ къащтэ

ЦIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ хуитыныгъэкIэ яку дэлъ зэхуэмыдэныгъэр дунейм и къэрал пэрытхэм зэрыщагъэкIуэдыжрэ зыкъом щIащ. Урысейм абы кIэ щритащ иджы ягъэулъийй Октябрь революцэм. Абы и фIыгъэкIэ бзылъхугъэ куэд жьэгум къыдэкIри, жылагъуэ гъащIэм жыджэру хыхьащ, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зыкъыщагъэлъэгъуащ. Дэ къэтхьыфынущ ахэр лъагапIэ инхэм зэрынэсыфам и щапхъэ мымащIэ. Ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, иужькIи дыщIэупщIэжынущ жэуапыр ди хьэзыру: атIэ абы къикIрэ ди къэралым (зэкIэ нэгъуэщIхэм я гугъу тщIынкъым) цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ сыткIи щызэхуэдэу? КъикIыркъым. Псом хуэмыдэу политикэм.

АР КЪЭПЛЪАГЪУН папщIэ жыжьаплъэу ущымытми хъунущ. Ухуеймэ, ищхьэкIэ къыщыщIэдзэ, нэхъ уфIэкъабылмэ, ищIагъкIэ щылъыхъуэ. Iуэху зезыхьэхэм, унафэ зыщIхэм цIыхубзу яхэтыр мащIэ дыдэщ. Къэрал Думэми ФедерацэмкIэ Советми ахэр зэхуэдитIым щыпэжыжьэщ, щIыналъэхэми апхуэдэ щытыкIэ щыщыIэщ. Абыхэм я бжыгъэм хэхъуэнуи фэ теткъым: цIыхухэм зэреупщIам кърикIуахэр щыхьэт зэрытехъуамкIэ, процент 26-м я закъуэщ бзылъхугъэхэр политикэм нэхъыбэу хэшэным и телъхьэу къэувар (1998 гъэм а бжыгъэр процент 45-рэ хъурт). Процент 21-м къалъытэ цIыхубзхэр политикэм нэхъри щыгъэмэщIэн е хэмыгъэхьэхэн хуейуэ.

Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр демографие щхьэусыгъуэхэм ирапх: цIыхубзыр къызыхуигъэщIар лъхуэн-пIэнырщ, унагъуэ зехьэнырщ, абы и къалэн нэхъыщхьэр сабийхэр узыншэу къигъэхъунырщ. Ауэ ящогъупщэж быныр пIынри гъэсэнри адэхэми я къалэну зэрыщытыр икIи я депутатынри е министр къулыкъу ирахьэкIынри абы зэран зэрыхуэмыхъур.

Къэрал унафэщIхэм я гугъу умыщIыххэ. Дунейм къыщокIуэкI ахэр абыхэм я деж сыт щыгъуи щымащIэ дыдэу. ЦIыхубзхэр къэралыр зехьэным къыхуамылъхуауэ траIуащ. АрщхьэкIэ тхыдэм дигъэлъагъур нэгъуэщIщ. Къэтщтэнти Урысейм зэкIэлъыкIуэу паштыхьу цIыхубзищ щиIа епщыкIуияна лIэщIыгъуэр. Дауи, Анни, Елизавети, Екатеринэ ЕтIуанэри я зэфIэкIкIэ империем хуищIамкIи ауэ жыжьэуи зэхуэдакъым, арщхьэкIэ къэралым зиужьащ. «Европэм зы топ щыуэфынукъым, Урысейм имыщIэу»,- щыжаIар а лъэхъэнэрщ. Ди зэманми щыIащ тхыдэм лъэужь быдэ къыхэзынахэр. А псори щыхьэт тохъуэ цIыхубзхэм къэралыр зезыхьэфынухэр къазэрыхэкIынум. Иджы ауанышIу къахь Ленин Владимир и псалъэхэр: «Дэтхэнэ унэгуащэми къэралыр зэрихьэфынущ». Дауи, пагъэху абы щIигъужа псалъэхэр: «зыхуеину щIэныгъэ игъуэтмэ, Iуэху зехьэкIэм зыхуигъасэмэ, цIыхухэр къигъэдэIуэфу зыкъигъэлъагъуэмэ».

ЖытIэнщи, дэ къэрал Iэтащхьи, щIыналъэ унафэщIи къэдмылъыхъуэуи диIэщ, арэзыи дыкъащI. Зи гугъу тщIыр бзылъхугъэхэми къызыкъуахыфыну зэфIэкIырщ.

Пэжщ, уи нэгу къыщIэбгъэхьэну гугъущ зауэ зэманым цIыхубзыр Iэтащхьэу щытыну, абы и унафэм дзэзешэхэр щIэтыну е Iуэхушхуэ кърихьэжьахэр зэригъэкIуэну. Псом хуэмыдэу зэхэгъэкIыгъуэ, зэблэкIыгъуэ лъэхъэнэхэм. Дэ абы десакъым, десэнуи дыхуейкъым. Арауэ къыщIэкIынущ къулыкъу нэхъыщхьэхэм цIыхухъухэр щытлъагъуныр ди дежкIэ нэхъ къезэгъыу щIыщытри. Абы и мызакъуэу, КъухьэпIэм политикэ утыкум къыщихьэ цIыхубзхэм уигу зыщагъэкI щхьэпсыншагъэ хэлъу мыхьэнэ ин зиIэ Iуэхухэм зэрыбгъэдыхьэмкIэ е абыхэм зыри зэрыхамыщIыкIыр къызэрагъэлъагъуэмкIэ. Щапхъэ жагъуэу къэтхьынщ Евросоюзымрэ НАТО-мрэ ирагъэкIуэкI политикэр зыгъэкIуатэхэм ящыщ фон дер Ляйен. Ар зауэм и джакIуэщ, уеблэмэ, езыми тэмэму къыгурыIуэжыркъым дунейр зыхуишэр. Апхуэдэ цIыхубзхэр политикэм ебгъэкIуалIэ хъунукъым. Ди насыпщи, абы хуэдэхэри куэд хъуркъым.

АрщхьэкIэ, зэрыщыту къапщтэмэ, бзылъхугъэр политикэмрэ Iуэху зехьэнымрэ куэду зэрыхэмытыр телъыджэщ. Абы щыгъуэми, Люксембург Рози, Цеткин Клари, нэгъуэщIхэри зыщIэбэнар аращ. ИкIи лъэпощхьэпо гуэри щыIэкъым: цIыхухъухэри цIыхубзхэри хуитыныгъэ псомкIи зэхуэдэщ, хэбгъэзыхьмэ, иужьрейхэм ефIэкIыныгъэ щрат къыхэкIыу. Сыт атIэ зэтезыIыгъэр? Щхьэ пэIэщIэ хуэхъурэ ахэр политикэм? Iуэхур здэщыIэр езы политикэр арауэ къыщIэкIынущ. ПсынщIэ дыдэу зызыхъуэж мы дунейм щекIуэкIхэр щалъагъукIэ, куэдым, псом хуэмыдэу цIыхубзхэм, нэхъ къащтэ абы хэмыхьэмэ. Уигу зэбгъэжауэ, зыри уфIэмыIэфIыжу укъыщIидзыжынкIэ хъунущ.

ЦIыхухэм зэреупщIам кърикIуахэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, цIыхубзхэм нэхъ зрат хъуащ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм. Ар цIыкIууи щрети, уи Iуэху зепхуэжмэ, нэхъыфIщ, псори уэ зэролъытар плъагъуу.

Политикэр къыщыкIуэнур нэхъ иужькIэу къыщIэкIынущ.

Хэт къулейсызыр?

ПсэукIэ

Урысейм кIуэ пэтми нэхъ куу щохъу къулейхэмрэ къулейсызхэмрэ я зэщхьэщыкIыныгъэр. Пэжщ, апхуэдэ дыдэуи щыкIэрохуиужьрейхэм я бжыгъэми.

САНКТ-Петербург щекIуэкIа къэрал зэхуаку экономикэ форумым къыщыщыпсалъэм УФ-м и Президент Путин Владимир жиIащ зыхэпсэукIын зимыIэхэр хуабжьу нэхъ мащIэ зэрыхъуар - 2024 гъэр щиухым зэрыщытар къапщтэмэ, процента 7,2-кIэ. Иджы апхуэдэхэр мелуани 10,5-м щIигъужыркъым, дызэрыт лIэщIыгъуэм щыщIидзэм хуэди 4-кIэ нэхъыбэт - мелуан 42,3-рэ. АрщхьэкIэ къэнахэри, зэрытлъагъущи, мащIэкъым, абы къыхэкIыуи дяпэкIи хущIэкъунущ абыхэм я бжыгъэр зэрырагъэхыным.

Ауэ хэт езыр а къулейсызыр? Хэт апхуэдэу къалъытэр? Ар зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэм тещIыхьащ. ЩеупщIкIэ урысейхэм я зэхуэдитIым нэблагъэм жаIэ зыхэпсэукIын ерагъкIэ къалэжьу, дадзыха мылъку гуэри ябгъэдэмылъу. Еджагъэшхуэхэм езыхэм яIэжщ мы Iуэхум зэрыбгъэдыхьэ пщалъэхэр икIи ахэр зэтехуэркъым. Ауэ сыт хуэдэ лъэныкъуэкIэ укъыбгъэдэмыхьэми, белджылыщ ди цIыхухэм хэхъуэ нэхъыбэ яIэрыхьэ зэрыхъуар.

Статистикэм къызэритамкIэ, къулейсызхэм я бжыгъэр ди къэралым иужь илъэсипщIым зэкIэлъыкIуэу щохуэх. Бжыгъэхэм захъуэж, уеблэмэ, зы илъэсым и кIуэцIым: и пэщIэдзэм деж ахэр нэхъ инщ, ауэ и кIэухым деж, я улахуэхэм къыщIагъухэм, ахъшэкIэ зэрагъэпажэхэм я фIыгъэкIэ, йохыж. Псалъэм и хьэтыркIэ, 2024 гъэм и етIуанэ кварталым ахэр мелуан 12,4-рэ хъууэ щытащ, ауэ еплIанэ мазищым мелуани 7,76-м нэсыжу арат. Мы гъэм и япэ кварталым аргуэру дэкIуеижащ а зэманым урысейхэм хэхъуэ зэмылIэужьыгъуэу сом триллион 27,1-рэ яIэрыхьа, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зы илъэсым процент 17,9-кIэ дэкIуея пэтми. Къэралым курыт лэжьапщIэр зы мазэм сом мин 97-рэ 645-м щыщIигъуащ, пенсэхэр ику иту сом мин 23-рэ 214-м щынэсащ.

АрщхьэкIэ бжыгъэхэм къыбжаIэфынукъым щытыкIэр ипэжыпIэкIэ зыхуэдэр. Мыбдеж псори щызэлъытар а хэхъуэхэр цIыхухэм зэратегуэша щIыкIэрщ. Псом хуэмыдэу къуейсызыгъэм и пщалъэу ягъэуварщ. Илъэс ипэкIэ къулейсызыгъэм и гъунапкъэу къалъытауэ щытащ сом мин 15-рэ 96-р, мы гъэм а бжыгъэр проценти 10-кIэ къаIэтащ. УщIэупщIэ хъунущ: иджы къекIуэкI уасэхэмкIэ апхуэдиз ахъшэм урипсэуфыну? АтIэ сыт пщIэнур? Дауи, куэдым зыщыбгъэщIэн, псоми къыдэбгъэхуэн хуей хъунущ. Адрей къэралхэми къулейсызхэр щытхъэжыркъым. Иджыблагъэ Зыужьыныгъэмкiэ дунейпсо банкым къиIэтащ къулейсызыгъэм и пщалъэр: иджы къулейсызу къалъытэ зы махуэм доллари 3-м (сом 240-м хуэдизым) ирипсэухэр. Ауэ нэхъ хуэщIа къэралхэм я бжыгъэр зы махуэм доллари 8-м щынэсын хуейщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Урысейр иджыри абыхэм яхыхьакъым, ауэ, итIани, гъунапкъэу щагъэуващ зы махуэм хуэзэу сом 554-р.

Сыт а къулейсызыгъэм и пщалъэ хъужри? 2021 гъэр къэсыху ди деж къулейсызу къыщалъытэу щытащ ерыскъы, хьэпшып, Iуэхутхьэбзэ зыбжанэм (упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуейхэм) я уасэхэм зи хэхъуэхэр ялъэщIэмыхьэ цIыхухэр. Илъэси 4 ипэкIэ апхуэдэ къэбжыкIэр яхъуэжащ: инфляцэр яжьэхоуэ хуэмыщIахэр зэи зылъэмыIэсынухэми: автомобиль, унэлъащIэ, нэгъуэщI хьэпшып лъапIэхэм я уасэхэми. КъулейсызхэмI я дежкIэ мыхьэнэ зиIэр махуэ къэс къищэхун хуей ерыскъыхэкIхэм, хьэпшып къызэрыгуэкIхэм я уасэхэрщ. Иджы къагъэсэбэпу щIадзащ «къулейсызхэм папщIэ инфляцэ» псалъэхэр.

Ар къызыхэкIри гурыIуэгъуэщ: зи пенсэ мащIэм ирипсэу фызыжьым ерыскъым и уасэр процента 10-кIэ зэрыдэкIуеяр куэдкIэ нэхъ къытохьэлъэ, тыкуэн зыкъизыхым автомашинэ гъэщIэрэщIам исуу екIуалIэ цIыхум нэхърэ.

АрщхьэкIэ гъащIэр зытещIыхьар шхэн къудейркъым. ЦIыхур зыхуейхэр гъунэжщ: абы Iэмал иIэн хуейщ дохутыр зыкIэлъигъэплъыну, IэщIагъэ зригъэгъуэтыну, и нэгу зригъэужьыну, нэгъуэщI Iэджи. Ахэр къыщылъытакъым «къулейсызыгъэм и гъунапкъэм». Апхуэдэ пщалъэхэм ятепщIыхьмэ, урысей куэд хуэмыщIауэ псэууэ къыщIэкIынущ. ЗэкIэ зытетыр зи гугъу тщIы гъунапкъэр зэрагъэув ахъшэрщ. А ахъшэм хагъахъуэурэ къулейсызыгъэр ягъэкIуэдыжыну я мурадщ. Ар икIи тэмэмщ. Абы и мызакъуэу, цIыхухэм я псэукIэр зэрырагъэфIэкIуэну Iэмалу щыIэри цIыхухэм я улахуэхэм хэгъэхъуэнырщ. Ар зэрызрагъэхъулIэри, властхэр апхуэдэ гъуэгум зэрытетри дэ долъагъу. Жыжьэ дыкIуэнкъыми, ди Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэфI щыхъуауэ илъэс къэс иджы етхуанэрэ къэрал IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я улахуэхэми яIэрыхьэ нэгъуэщI хэхъуэхэми зыщаIэт. Къулейсызыгъэр щымыгъэIэжынымкIэ ар Iэмал гъуэзэджэщ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ**.

ТхылъыщIэ

МелыIычиблым я лъахэм

Щалъхуа лъахэм и дахэр яIуатэу хэт зыфIэмыфIыр?! ЩIэщхъуи гурыщхъуи къызыхэмыкIыну жэуапым узытет дунейм и зы къуапэ къыуимыгъэгъанэу щIэрыщIэу щIыуегъэпщытыкIыж, ар нэгъуэщIым дахэ икIи гукъинэж щIыщыхъум и щхьэусыгъуэхэр къыуегъэлъыхъуэ. Кавказыр, адыгэщIыр, адыгэ цIыхухэр хамэ щIыпIэ къикIахэм гунэс щIащыхъум я IуэхукIэ зи гъащIэ псом зэупщIыжрэ жэуап зэмылIэужьыгъуэхэр зратыжу къэпсэуахэр мащIэкъым. НэхъыжьыIуэхэм фIыуэ ящIэж, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта ныбжьыщIэхэр зэгуэр къэрал псом зэбграгъэкIырти, зэреджа илъэс бжыгъэм и хьэкъыр къэралым иратыжу зытIэкIурэ я унэм пэIудзауэ лажьэу зэрыщытар.

ЗЕИКЪУЭ къуажэм, зэгуэр ХьэтIохъущыкъуей ИпщэкIэ зэджэу щытам, дэт курыт еджапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ щригъэджэну къагъэкIуэгъат лъэпкъкIэ урысу хъыджэбз нащхъуэ цIыкIу – Осокин Василий ипхъу Аннэ. Къуажэ псор абы Аня цIыкIут зэреджэр. Аннэ кIуэжакъым щалъхуа лъахэм, къуажэм къыдэнащ, адыгэ щIалэ щхьэгъусэ хуэхъури, унагъуэ зэпэщи игъуэтащ. Ар къэнэну тезыгъэгушхуам теухуауэ мырат жиIэр: «Мы дунейм нэм щIэщыгъуэ щымыхъуну зы щIы кIапIэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Сэ сыкъыщалъхуа щIыпIэри апхуэдэщ – пхъэхуейхэм я щхьэр жьапщэ щабэм зэрихьэу псы Iуфэхэм зыщагъэщIэращIэрт, псыежэххэми я Iущащэ макъыр пщэдджыжьыпэм къызэрыIэтрэ, узэрылъ пIэ кIуэцIым уримыгъэзэгъэжу, уи деж къагъэIусырт, къуажэ щауэхэм я пшынэ зэпымыужым хъыджэбзыгухэр игъэхьэшкIурашкIуэрт, а псор зылъагъу ди нэхъыжьхэми щабагъ зыщIэлъ я губжь макъым зэрылъэлъу дигъэдыхьэшхыу зэхэзежэ дащIырт... ЖыпIэнуращи, ди унапIэри жьэгужьт. Ауэ Къэбэрдейр текIуащ. Си лъапэр мы щIыгум къызэрытесшииеу къызгурыIуащ нэгъуэщIыпIэ сыкIуэнуи сыкъыздикIам згъэзэжынуи сызэрыхуэмейр. Сыкъызыхыхьа сабийхэм еджэкIэ-тхэкIэр зэрамыщIэр къэгъэнауэ, тхылъ зымылъэгъуа яхэтт. Ахэр апхуэдизкIэ еджэныгъэм хуэнэхъуеиншэти, къызжьэдэкIыу зы псалъэ къагъанэртэкъым зыщIамышэу. ЕджапIэм сыкъыдэкIыжу сыкъыщыувыIа фэтэрым сынэсыжыхукIэ, уэрамыщхьэм цы зэIуащэу тетIысхьэпIэм тес цIыхубзхэри, щхьэхуэу жыг жьауэм щIэс лIыжь жьакIэхухэри къысхуэтэджырт, си IэщIагъэм пщIэ зэрыхуащIыр зыхызагъащIэу – илъэс 90-м сыщIигъужащи, а хабзэр къыщыскIэлъызэрамыхьа зы махуэ къыхэкIакъым, цIыхухэм сахыхьамэ, къысхуащIыр Iулыдж къудейтэкъым, сызыдэс жылэм и цIэкIэ сагъэпсалъэрт, апхуэдизкIэ дзыхь къысхуащIырти. Ауэ лъахэм и дахагъыр... Ар къызэрысIуэтэн псалъэ зэи схуэзэгъэпэщакъым. Сэ мыбдежщ цIыхуу дунейм сыкъыщытехьар жысIэмэ, хьэкъыр аращ. Си гуращэхэм цIыхури дунейри къыщыпэмыджэжа къэхъуакъым, си гупсысэхэм кIуапIэ щамыгъуэта къыхэкIакъым, сызытет дунейр къыщызэгуэуа щыIакъым. Дапщэщи зы IэфIагъ гуэрым сызэщIиIыгъащ – цIыху сыщыхуэныкъуэм зыкъызагъэгъуэтащ, си закъуэу сыкъэнэну сыщыхуеймм, апхуэдэ Iэмал къызатащ. МелыIыч лъахэт сыкъыздэкIуари, ар схуэхъуэжакъым...»

Аня цIыкIу кIыхьу утепсэлъыхь хъунут, ауэ абы теухуа гукъэкIыжыр мыбдеж къыщIэтхьар иджыблагъэ дунейм къытехьа тхылъ гъэщIэгъуэнырщ. Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, литератор, лъахэхутэ Бормотов Иван и къалэмыпэ къыщIэкIа тхылъым «МелыIычибл» фIэщыгъэр иритащ, а щIыкIэм тету къигъэщI дунейм мелыIычиблыр зэрихъумакIуэр, блыри Адыгэ лъахэм и къэрэгъулу зэрыщытыр къыхигъэщу. ТхакIуэм и IэдакъэщIэкIыр зэрыщыту триухуащ етIуанэ унэ хуэхъуа Адыгэ Хэкум и щIыуэпсым, абы зэрыхущытым, мыбдеж щигъуэта гупсэхугъуэм, нэгъуэщI куэдми. Ауэ, нэхъыщхьэращи, тхыгъэр зейм къиIуэтащ адыгэщIым хэлъ гуащIэмылъытэр зыхуэдэр – цIыхум и щытыкIэр нэхъыфI зэрищIыр, зытепсэукI щIыгум пщIэ хуищIын хуейуэ гузыхэщIэ инхэр къызэрыритыр къигъэлъэгъуащ.

Тхылъым и гугъу тщIын ипэ къихуэу, «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм тхакIуэр псалъитI-щыкIэ нэIуасэ яхуэтщIынщ. Бормотов Иван Пермь щIыналъэм 1950 гъэм мазаем и 28-м къыщалъхуащ. Ауэ абы псэупIэ хуэхъуар Адыгэ Хэкурщ. Бормотовым и гъащIэр зэрыщыту лъахэм и щIыуэпсыр хъумэным, абы и хъугъуэфIыгъуэхэм цIыхухэм пщIэ хуащIу, хуэсакъыу икIи яхъумэу егъэсэным триухуащ. Курорт зыгъэпсэхупIэхэмрэ турист зыплъыхьакIуэхэмрэ епха хуэIухуэщIэхэмкIэ экономист IэщIагъэр зригъэгъуэта нэужь, Бормотовым Мейкъуапэ дэт къэрал технологие университетым экономикэмрэ жылагъуэ гъащIэмкIэ и кафедрэм лэжьэн щыщIидзащ, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат цIэр къыдихащ, бгылъэрызекIуэ спортымкIэ мастерщ, зыплъыхьакIуэхэр гъэгъуэзэнымкIэ дунейпсо классыр иIэщ, инструктор-методистщ, Урысеймрэ Адыгэ Хэкумрэ щIыхь зиIэ я бгылъэрызекIуэщ. ЩIалэщIэу ди щIыпIэхэм къакIуэри, лъахэм хуищIа лъагъуныгъэр мыкIуасэу, нэхъри къызэщIэрыуэу къекIуэкIащ: и гухэлъхэри ныбжьыщIэхэм зэрахипщэным хуэщIэкъу зэпытщ, абыхэм я гупэр Хэкум и тхыдэмрэ и къекIуэкIыкIамрэ яхуигъэзэну иужь итщ.

Ущыпсэу лъахэр фIыуэ умылъагъуу, абы уардэу къыщхьэщыт бгылъэхэмрэ къуршылъэхэмрэ пщIэ яхуумыщIу, уи гъащIэр зупха Iуэхур уи гупсысэм хэмыту апхуэдиз фIыщIэ къыпхуэлэжьынукъым. Бормотовым щIэблэм емышыжу ядригъэкIуэкI лэжьыгъэм гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым, апхуэдизкIэ ар иужь итщ абыхэм я дунейм щIыуэпсым увыIэпIэ хэха мыхъуу, щIыпIэшхуэ щаригъэубыдынуи.

Бормотов Иван егъэджэныгъэм хилъхьэ гуащIэр зэрымымащIэм я щыхьэтщ абы и къалэмыпэм къыщIэкIа тхылъ телъыджэхэр: «Бгылъэм ис Адыгэ Хэкур» («Горная Адыгея»), «Адыгейм и къуршхэмрэ бгыхэмрэ» («Горы Адыгеи»), «ЩIэплъыпIэм адэкIэ» («Там, за горизонтом»), «Мейкъуапэ хуит къызэращIыжар. «Эдельвейс» операцэр зэрызэхэкъутар» («В боях за Майкоп. Крах операции «Эдельвейс»»), «КъахуэмыгъэIурыщIэ адыгэбгхэр» («Непокоренные горы Адыгеи»), «Хъыбархэмрэ тхыдэжьхэмрэ я лъахэм» («В край легенд и преданий»), нэгъуэщIхэри. Къыхэгъэщын хуейщ: Бормотовым игури и псэри адыгэ лъахэм, адыгэхэм яхуэгъэзауэ матхэ, мэгупсысэ, абы хуэгъэзауэ Iуэхугъуэ щхьэпэхэр зэфIегъэкI. ИригъэкIуэкI лэжьыгъэ щхьэпэм гъэсэныгъэущиинигъэ мыхьэнэ зэриIэри къэралым къилъытащ. Абы къыхуагъэфэщащ Адыгэ Республикэм и Парламентым и Щытхъу тхылъыр, Адыгэ Республикэм и Къэрал Советым – Хасэм и «Хабзэр. Пщэрылъыр. ЦIыхугъэр» дамыгъэ лъапIэр, нэгъуэщIхэри.

ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа тхылъыщIэри дунейм къызэрытехьэрэ куэд щIакъым. Лъахэм хуиIэ гурыщIэ къабзэхэм иджыри зэ щыхьэт техъуэж хуэдэщ Бормотовыр. Иджыри къыздэсым абы и къалэмыпэ къыщIэкIар щIэныгъэм хуэгъэза лэжьыгъэу щытами, иджы псалъэ зэгъэпэщыкIэм и Iэмалхэр къигъэIурыщIэурэ художественнэ тхыгъэ ди пащхьэ кърелъхьэ. Ар пэублэ псалъэрэ Iыхьищу зэхэтщ.

УблапIэм тхакIуэм и гъащIэм мыхьэнэ щызиIэ Iуэхугъуэхэм шэщIауэ щытопсэлъыхь, зыхэта гугъуехьхэм, зыхищIахэм, зыIууа лъэпощхьэпохэр къызэнэкIынымкIэ щхьэпэ къыхуэхъуахэм я хъыбарыр къекIуатэ. Пэублэ псалъэр Бормотовым и ныбжьэгъу Панов Юрэ хуэгъэза псалъэхэмкIэ къызэIуех: «ФIы зигу илъыр фIы хуэмызэжынкIэ, фIым пэплъэм ар къыхуэмызэнкIэ Iэмал иIэкъым. Узыпэплъэр къыплъэIэса нэужь, щыIэныгъэмкIэ зы насып гуэр бгъуэта хуэдэу къыболъытэ, уи къаруи, уи акъыли, уи Iэмалри абы нэхъ лъэщ зэращIыр зыхыбощIэ. Си гъащIэм сыт хуэдиз гугъуехь сыхэмыхуами, си хъуреягъкIэ къыщыт си ныбжьэгъу-лъэгуажьэгъухэм я фIыгъэкIэ гущIэм имытIысхьэу зблэкIащ. Ныбжьэгъу псалъэм сигъэIурыщIащ, абы и пэжагъ-щыпкъагъым си гур къыдришеящ. Апхуэдэ дыдэуи адыгэ цIыху къызэрыгуэкIым си лъэр щIигъэкIащ – абы и хабзэр езым къемэщIэкIми, сэрэ сызытет дунеймкIэ егъэзыпIэ лъэщ хъурт, абы къысхуигъазэ и псалъэр езым хузэмыгъэпэщами, къыщригъэжьа дыдэм деж хилъхьэ хуабагъым сызэIэщIэзыубыдэну хэт щIыIэр игъэкIуэсэжырт. Си гъащIэм сыхуэарэзыщ, абы къыхыхьахэми фIыщIэ яхузощI», – жеIэ Бормотов Иван.

«МелыIычибл» зыфIища япэ Iыхьэм тхакIуэр лъахэм къызэрихьэрэ къэзыхуэмэ нэрымылъагъу мелыIычиблым я гугъу къыщещI – пэжыгъэ, щыпкъагъэ, ныбжьэгъугъэ, лъагъуныгъэ, захуагъэ, гуетыныгъэ, гупсэхугъуэ. Ар щызэхэт гъащIэм хуэдэ щыIэу, нэгъуэщI къэплъыхъуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Адыгэ гупсысэкIэ «блы» бжыгъэм ирикъуар, зэпэщ е лъапIэ хъуар, нэщIысар къагъэлъагъуэ: псибл къикIар лъапIэ дыдэщ, дунеиблыр и унэщ зыхужаIэр лIыгъэрэ цIыхугъэкIэ гъэнщIа цIыхурщ, дунеижьыр гудзиблщ, жаIэ, зэи къутэнукъым, къэувыIэ иIэкъым, кърагъэкIыу, нэгъуэщIхэри. ТхакIуэми а бжыгъэр егъэджэгу, езым и дуней лъагъукIэмрэ адыгэ гупсысэкIэмрэ зэхигъэхьэкIэрэ.

ЕтIуанэ Iыхьэм – «Хэкум и хьэкъыр» фIэщыгъэ зритам – лъахэр анэм щыхуегъадэ. ТхакIуэм къызэрилъытэмкIэ, цIыху щыхъуа, гъащIэ гъуэгум щытехьа щIыпIэм ар и къанщ, къыхуищIа псори Iэмал зэриIэкIэ зэрыригъэкIуэнум, абы зэрыхуэпэжынум, къебгъэрыкIуэхэм зэращихъумэнум, зэрызиужьынум я гугъу къыщещI. ЦIыхугъэ пхэлъыным нэхърэ нэхъыщхьэ зэрыщымыIэр, ар лIыгъэ псоми я щхьэу зэрыщытыр абдеж къыщыхегъэщ. «ЦIыхугъэр – ар Хэкум епт хьэкъым ущыщIэмыфыгъуэжырщ», – жеIэ тхакIуэм.

«Мейкъуапэ Iуэтэжхэр» фIэщыгъэ зыхуищIа ещанэ Iыхьэм щыпсэу къалэм къыщыхъуа Iуэхугъуэхэр щызэхуэхуэнащ: адыгэ пыIэ лъагэхэр ящхьэрыгъыу къалэ уэрамхэм къытехьэ дадэхэм къарит гузэхэщIэхэм щегъэжьауэ щыпсэу унэм и гупэкIэ кIыхьу егъэкIэкIа жыг зэмылIэужьыгъуэхэм къахуигъэуш гупсысэхэм щыщIэкIыжу къатебгъэзэжу уеджэну ухуейуэ лирикэ лIыхъужьым и лъагъукIэщ, фIыуэ пцIыху къалэмрэ щыIэпIэмрэ абы и нитIымкIэ уакъызэрыхэплъэ Iэмалщ. ГъэщIэгъуэнращи, Iуэтэжхэр кIыхь дыдэкъым, ауэ а теплъэгъуэ мащIэми гъащIэ псо къотIасэ, удахьэхыу, зыгуэрхэр пцIыху къыпфIигъэщIу, мащIэуи уигъэныкъуакъуэу, арэзы укъищIу, ауэ псори къызэрыгуэкI цIыху щытыкIэ дахэхэмкIэ гъэщIэрэщIауэ. ЖыпIэнуращи, мелыIычиблым я дунейщ, езы Бормотовыр зыхэпсэукI жэнэт лъахэщ.

«ТхылъыщIэ дунейм къытехьэмэ, цIыхущIэ къалъхуауэ къысщохъу», – жиIэрт адыгэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Нало Заур. ТхылъыщIэкIэ ар зэджэри купщIэ зыкIуэцIылъ тхыгъэрщ. Дунейм къытехьар апхуэдэ зы лэжьыгъэщи, ар зылъэIэсыну адыгэхэр и кIуэцI иригъэплъэжу, къаплъэм къызэрыщыхъу щIыкIэм иригъэгупсысыну, а щIыкIэм тету нэхъыфIыж зэрыхъунум и Iэмалхэр и щхьэм щызэригъэзэхуэну дыщогугъ. ТхылъыфIым и фIагъхэм ящыщщ ар зыIэрыхьэр зэригъэгупсысэри, апхуэдэ зэфIэкI тхылъым къызэрылъыкъуэкIынум шэч къытетхьэркъым, гъуэгу махуэ теувэнуи ди гуапэщ.

Тхыгъэри сурэтри **ШУРДЫМ Динэ** *ейщ.*

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зыми хэмыгъуащэщ и хъэтIыр

СурэтыщI, дизайнер икIи егъэджакIуэ Аккизов Чэрим и ныбжьыр илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу къызэригъэпэщ зэIущIэхэм я ещанэр, «Насквозь» зыфIищар, Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрыхъум и цIэр зезыхьэ паркым ит пэшым къыщызэIуахащ. Адрейхэр бадзэуэгъуэ мазэм и кIэ лъандэрэ зыр лъэсу ущызекIуэ Къэбэрдей уэрамым и деж, адрейр («Связанные истории» зи фIэщыгъэр) СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, щызэхэтщ, цIыхухэм я гукъыдэжыр къаIэту.

ДЭНЭ щIыпIэ щыIэми, зыми хэмыгъуащэ и хъэтIымкIэ, и гупсысэ шэщIамкIэ, ар нэрылъагъу къызэрытщищIу бгъэдэлъ зэчиймкIэ къыбоцIыху Чэрим и гуащIэр. Живопись, графикэ, инсталляцэ жыпхъэхэр Чэрим къызэригъэсэбэпыр сурэтыщI Iэмал къудейуэкъым, атIэ и гупсысэр къызэщIикъуэнымкIэ хэкIыпIэщ. Ар зыхущIэкъур зэпымыууэ щIэ лъыхъуэнырщ, ахэр зэпкърыхынырщ, зыми ямылъагъу гуэрхэм гу лъытэнырщ, дунейм къыщыхъу щIэщыгъуэхэр къэгъэсэбэпынырщ. Зы жыпхъэмрэ зы Iэмалымрэ тетыну хущIэкъуркъым Аккизовыр, зыщIэдэIур и псэм и макъырщ.

СурэтыщIым и гъащIэ гъуэгуанэм - графикэ пасэм щегъэжьауэ инсталляцэ къэхутэныгъэхэм я деж щыщIэкIыжу - дризыгъаплъэ IэдакъэщIэкIхэмкIэ абы и лэжьыгъэр къызэщIикъуэжу аракъым. Зэпымыууэ щIэ гуэр лъыхъуэ зэпыт сурэтыщIым езым, и гупсысэхэм зэрызахъуэжым теухуа хъыбарщ абыхэм къытхуаIуатэр. ЖыпIэнурамэ, къызэтемыувыIэу зи гъуэгу зыкIу цIыхум и псэм къилъыхъуэрщ, дэтхэнэ зы лэжьыгъэри къыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэущ, армыхъумэ зыгуэрми и кIэухкъым.

Гъэлъэгъуэныгъэм къызэщIеубыдэ жыпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэр - графикэмрэ живописымрэ, коллажымрэ инсталляцэмрэ. Чэрим и арт-проектыр абы еплъхэм щэхуу зэрепсалъэ Iэмалщ, дэтхэнэ зыми езым и псэм пэгъунэгъур къыщигъуэтыфыну. СурэтыщIым и IэдакъэщIэкIхэр гурыIуэгъуейуэ пхужыIэнукъым, ауэ ахэр нэсу зыхэпщIэн папщIэ гъуазджэ щIэныгъэ гуэр узэриIэн хуейми шэч хэлъкъым. ЗэрыжаIэу, егъэхыгъуейми - гъэткIугъуафIэщ. Аккизовым и гуащIэр зыцIыхухэр пхыкIащ абы - и хъэтI къэцIыхугъуафIэми, и лэжьыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъу гушыIэми, яфIищхэм къахэщ щхъуэкIэплъыкIагъэми есэжахэщ. «Гъуэгу» зи фIэщыгъэ сурэтым къыщыгъэлъэгъуар аркъудейрами, абдежым щиухыркъым - тхылъымпIэм къытокIри, пэшым метр бжыгъэкIэ кIуэцIрокI. «Къалэ къуажэхьыр»-щэ?! Бзаджагъэ къызыщIих нэхэр, гуфIэ къызытещ Iупэхэр - сурэтыщIым къиубыдар хъыбар жызыIэжым и нэгу, хьэмэрэ абы едаIуэра хэгупсысыхьар?!

- ЦIыхур фIым къыхуоджэ, дахагъэм къыхубогъэуш, нэгъуэщI зыми емыщхьу. Сыхуейщ уи нэхэм зэралъагъум хуэдэу, ди щIыналъэм и гъуазджэ курых Налшык къалэр хъуну, - къыхигъэщащ къыщыпсалъэм Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ.

Къызэхуэсахэм, и лэжьыгъэхэр зыфIэгъэщIэгъуэнхэм фIыщIэ яхуищIащ Чэрим. «Си илъэс 50-р къэзгъэщIамрэ схузэфIэкIамрэ къыщызэщIэскъуэж пIалъэкъым, атIэ щIэ сыпэзыгъаплъэщ. Ар къыщызгурыIуар зэман гуэр дэкIа иужькIэщ. ЯпэщIыкIэ шынагъуэщ, ауэ иужькIэ зыхыбощIэ а щIэр куэдрэ зэрекIуэкIыфынур».

ЩIэщыгъуэ къэбгъэщIу, щымыIам щхьэусыгъуэ уахуэхъуу дяпэкIи улэжьэну, цIыхухэр бгъэгуфIэну ди гуапэщ, Чэрим!

ИСТЭПАН Залинэ.

Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгу

ЕсэнтIыгу къалэм и тхыдэ-лъахэхутэ музейм, Шпаковский Владимир и цIэр зезыхьэм, щагъэлъагъуэ «Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгу» выставкэр. Абы щызэхуахьэсащ УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэт Дзэгъэл Iэуес и лэжьыгъэхэр.

ДЗЭГЪЭЛЫР ди республикэм и мызакъуэу, гъунэгъу щIыналъэхэми фIыуэ къыщацIыху сурэтыщIщ, ар илъэс къэс гъэлъэгъуэныгъэ зэхуэмыдэхэм ирагъэблагъэ. НэхъапэIуэкIи утыку кърахьащ мы выставкэр. Ар и щыхьэтщ сурэтыщIым зэфIэкI, и лэжьыгъэхэм щIэупщIэ зэраIэм. Кавказым и щIыналъэхэм зи сурэтхэр щызыгъэлъагъуэ художникым абы хигъэхьащ иужьрей илъэсхэм и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэщIэхэри. Гъэлъэгъуэныгъэм къызэщIеубыдэ сурэт 35-рэ.



Дзэгъэл Iэуес

Дзэгъэлым зэрыжиIэмкIэ, и лэжьэгъу, и ныбжьэгъу куэдым я IэдакъэщIэкIхэр ЕсэнтIыгу и тхыдэ-лъахэхутэ музейм и утыку ирахьащ. Грознэ къалэм Iэуес и выставкэ щыщекIуэкIым, музейм и унафэщI Корчевнэ Аллэ абы и лэжьыгъэхэр я Iуэхущ IапIэми щыщагъэлъэгъуэну къыщриIуэкIым, арэзы хъуащ.

Дзэгъэл Iэуес ехъуэхъуну гъэлъэгъуэныгъэм зыкърагъэхьэлIащ Владикавказ, Москва, Кисловодск, Минводы, ЕсэнтIыгу, Налшык, Пятигорск, Ставрополь щыщ и ныбжьэгъухэмрэ лэжьэгъухэмрэ. Абыхэм ящыщт КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ, сурэтыщIхэу Зеленская Юля, Дарчиевэ Алёнэ, Рубец Александр, Кулешов Сергей, Ветров Виталий сымэ. Абыхэм Iэуес псалъэ гуапэ куэд хужаIащ сурэтыщIым зэрызиужьым, и щIэныгъэм зэрыхигъахъуэ зэпытым, щIыуэпсым хуиIэ бгъэдыхьэкIэм, хьэл-щэныфIхэр зэрыдалъагъум, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ. Къэпсэлъахэм ягу къагъэкIыжащ Iэуес къызэрацIыхуауэ щытар, я зэныбжьэгъугъэм зэрыригушхуэри щIагъуэжащ.

Къаныкъуэ Жаннэ Дзэгъэлым и лэжьыгъэ дахэхэм, плъыфэбэхэм папщIэ фIыщIэ ин хуищIащ.

Сурэтхэм щыболъагъу ди щIыналъэм и щIыуэпс къулейр, псыежэххэр, бгы уардэхэр, гъэм и зэманхэм дунейм и щытыкIэм къыдэкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр. Шэшэным щыщ художник Закриев Магомед Iэуес иригъэблагъащ «Колесо», «Кавказский маршрут» зэгухьэныгъэхэм икIи абы лъандэрэ гъэм и дэтхэнэ зэманми Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Ипщэмрэ я щIыпIэ нэхъ дахэхэм лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр щищIыну Iэмал иIэщ.

Дзэгъэл Iэуес Владикавказ къыщиухащ художественнэ училищэр, 2012 гъэм щыщIэдзауэ Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Мы зэманым абы щрегъаджэ Къулькъужын къуажэм Гъуазджэхэмкlэ и сабий художественнэ школ Къып Мухьэмэд и цIэр зезыхьэм. Арткомитетым Сочэ къалэм гъэ къэс къыщызэригъэпэщ лъэпкъыбэ зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупми и унафэщIщ ар. Художникым и лэжьыгъэхэр Адыгейм, Шэшэным, Абхъазым я музейхэм щахъумэ. Апхуэдэу абы и IэдакъэщIэкIхэм дихьэххэу Урысейм, Тыркум, Куржым, Сирием, нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэухэм зэхуахьэс.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Фэеплъ

Нобэми ящыгъупщэркъым

ТхакIуэ, зэдзэкIакIуэ цIэрыIуэ Вовчок Маркэ (и цIэ дыдэр Велинская Мариещ) и фэеплъ махуэм (ар зытрагъахуэр дунейм щехыжа шыщхьэуIум и 10-рщ) ирихьэлIэу абы и унэ-музейм и пщIантIэм фэеплъ зэIущIэ щрагъэкIуэкIащ. Ар къызэIуихащ икIи бзылъхугъэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ кIэщIу тепсэлъыхьащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм и къудамэ мы IуэхущIапIэм и унафэщI Лэжьэрей Энессэ.

- ВЕЛИНСКАЯ Марие дунейм зэрехыжрэ нобэ илъэси 118-рэ ирокъу. Орлов губернием и Екатерининскэ къуажэм 1833 гъэм къыщалъхуа бзылъхугъэм и ныбжьыр илъэс 72-рэ хъурт Налшык псэупIэ щыхуэхъуам. Зы илъэс закъуэщ (1906 - 1907) тхакIуэ бзылъхугъэр мы щIыпIэм зэрыщыпсэуар, ауэ а пIалъэр мащIэми и фэеплъыр ди цIыхухэм я гум къинащ, и лъапсэр хэмыкIуэдэжу, пщIэ хуащIу нобэр къыздэсым дохъумэ, налшыкдэсхэри, абы и хьэщIэхэри, зыплъыхьакIуэхэри щыгъуазэ дощI абы и гъащIэм, и гуащIэм, и Iуэтэжхэм, таурыхъхэм. И зэдзэкIыгъэ гъэщIэгъуэнхэм ящыщщ Жуюль Верн и IэдакъэщIэкIыу урысыбзэм кърагъэзэгъахэр (ахэр пщыкIутху мэхъу), Дарвин Чарльз и «Происхождение человека»-р. Шэч хэлъкъым ахэр урыс лъэпкъ литературэм и гъэтIылъыгъэу зэрыщытым.

Бзылъхугъэ Iущыр, губзыгъэр, куэд зыщIэ цIыхур хэдыкIым хуэIэкIуэлъакIуэу зэрыщытам и дамыгъэу пщIантIэм къыщызэIуахащ цIыхухэр узыншэнымкIэ «Анна» валеологие клубым хэтхэм я IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. ХэдыкIхэм къадэкIуэу, лэжьыгъэхэм яхэтщ тхылъымпIэм, къазыцым къыхэщIыкIахэр. Жыпхъэхэр зэрыщIэщыгъуэр наIуэ пщащIу, ахэр къызэхуэсахэм яфIэгъэщIэгъуэнащ.

АдэкIэ Энессэ псалъэ иритащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Псэуныгъэмкlэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ, физкультурэмрэ спортымкIэ и комиссэм и унафэщI, ди республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я Къэбэрдей-Балъкъэр зэгухьэныгъэм и унафэщI Шинкарёвэ Наталье. Ар гуапэу тепсэлъыхьащ Вовчок Маркэ, абы и дунеймрэ и гуащIэмрэ гулъытэу игъуэтам. Апхуэдэуи къыхигъэщащ илъэсищэм щIигъуауэ абы и фэеплъыр ди щIыналъэм и къалащхьэм и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэм зэрыщахъумэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я псэ къабзагъэм, къытхэмытыжми, зи лъагъуэ нэху гъащIэм къыхэзына цIыхур зыщымыбгъэгупщэ зэрымыхъунур фIыуэ къазэрыгурыIуэм зэрищыхьэт наIуэр.

- Зы илъэс фIэкIа щымыпсэунуми, Велинскэр мыбы къэзышар къару нэрымылъагъу гуэрт, и фэеплъыр хуэсакъыу зэрыщахъумэнур псэкIэ ищIэми ярейуэ, - жиIащ Наталье. - Мы и унэм и пщIантIэращ ар щыщIалъхьэжари. Дунейм зэрехыжрэ лIэщIыгъуэм щIигъу дэкIами, ди республикэм щыхуосакъ абы и щIэиным, пщIэ щыхуащI и сыным, и кхъащхьэр щахъумэ. ЦIыхухэр щызэблокI, и гъащIэм, и псэукIам, и IэдакъэщIэкIхэм щыгъуазэ зыщыхуащI. Языныкъуэм и дежхэми согупсыс: апхуэдэ къару мы лъапсэм къезытыр и кхъащхьэр зэрыдэтыр арауэ пIэрэ жысIэу.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ Пермь щIыналъэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и эпидемиолог нэхъыщхьэ, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Семериков Владислав, продюсер Марыщ Розеттэ сымэ. КърихьэлIа дэтхэнэми, къэпсэлъапIэр хуит зыхуащIахэми жаIэн зэраIэм къыдэкIуэу, ахэр зыщымыгъуазэ гуэрхэри къащIащ. Нобэр къыздэсым тхакIуэм и гъащIэм, и лэжьыгъэм теухуахэр къахутэ, иджыри абы ехьэлIа лэжьыгъэ мымащIэ щIэблэм къазэрыпэщылъым шэч хэлъкъым.

Къызэхуэсахэр дихьэхауэ едэIуащ Вовчок Маркэ и Iуэтэжхэм Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я Къэбэрдей-Балъкъэр зэгухьэныгъэм хэтхэр къызэреджэм. ИужькIэ абы и таурыхъхэм къытращIыкIа теплъэгъуэ цIыкIухэри ягъэлъэгъуащ.

БЛИЙ Даянэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ИныIуэщ зэщхьэщыкIыныгъэр

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм щыпашэхэмрэ къыщыкIэрыхухэмрэ щыхупIэ я зэхуаку дэлъым хуэдэщ. Абы и щыхьэтщ блэкIа джэгугъуэр.

ТУРНИР таблицэм и япэ увыпIиплIыр щызыIыгъхэр бжыгъэшхуэ дыдэкIэ я хьэрхуэрэгъухэм ефIэкIащ, топи 7 - 8, уеблэмэ 15 я гъуэм щыхудагъэкIа къэхъуу. Абы къокI пэрыт командэхэр ерыщу зэрызэныкъуэкъур, адрейхэм къафIэIуэхущэ зэрыщымыIэр. Зэгуэрым Аргентинэм и командэ къыхэхар Ямайкэм ейм 5:0-у текIуати цIэрыIуэ хъуа уэрэд хузэхалъхьауэ щытащ. 0:15-у тхьэмахуэ кIуам ягъэпуда шэджэмдэсхэм гъыбзэ яусын хуейуэ ара? Топджэгум куэдрэ узыщримыхьэлIэ апхуэдэ бжыгъэкIэ «Черкес»-р Алътуд къыщыпикIуэтащ шIыпIэ «Искра»-м. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Шэджэм къалэм и командэм иужьрей джэгугъуийр иригъэхьащ икIи а гупым къыщыхъур гурыIуэгъуейщ

Бжьыпэм иризэныкъуэкъу «Родник»-мрэ «Тэрчымрэ» топ блырыбл я хьэрхуэрэгъухэм худагъэкIащ. Псынэдахэдэсхэм Псыгуэнсу икIахэр хагъэщIащ, джылахъстэнейхэр Малкэ и командэм ефIэкIащ.

Аргудан къыщыхъуари гурыIэгъуащакъым. Хэгъэрейхэм я «Бедик»-р 0:8-уэ къыпикIуэтащ «Ислъэмейм».

Апхуэдэ бжыгъэшхуэхэм яужькIэ «Логоваз»-р 2:0-у «Урыхум» зэрефIэкIамрэ «Спартак-Д»-мрэ «Нартанымрэ» топ зырызкIэ зэрызэхъуэжамрэ зэшыгъуэ дыдэу къыпщохъу.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм пашэныгъэр аргуэру щиубыдыжащ «Родник»-м щыщ Урысбий Ратмир. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм ар епщыкIубланэу къыхэжаныкIащ. «Тэрчым» щыджэгу Iэщын Аслъэни ар зэрызыIэщIимыгъэкIыным хущIокъу.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Логоваз**» (Бабугент) - «**Урыху**» (Урыху) - **2:0**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Нартан**» (Нартан) - **1:1**, «**Искра**» (Алътуд) - «**Черкес**» (Шэджэм) - **15:0**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **0:8**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **7:1**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Малка**» (Малкэ) - **7:0**.

Дызыхуэкlуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: *шыщхьэуIум и 16-м* - «Черкес» - «Спартак-Д»; *шыщхьэуIум и 17-м* - «Урыху» - «Псыгуэнсу», «Нартан» - «Бедик», «Малка» - «Искра», «Логоваз» - «Ислъэмей» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	**15**	**14**	**0**	**1**	**77-13**	**42**
2. «Тэрч»	**14**	**13**	**0**	**1**	**61-7**	**39**
3. «Искра»	**14**	**12**	**1**	**1**	**62-13**	**37**
4. «Ислъэмей»	15	8	0	7	46-40	24
5. «Нартан»	15	7	3	5	48-45	24
6. «Псыгуэнсу»	15	6	1	8	30-51	19
7. «Спартак-Д»	16	5	4	7	35-42	19
8. «Бедик»	16	5	2	9	27-58	17
9. «Малка»	15	5	0	10	24-41	15
10. «Черкес»	16	3	3	10	27-63	12
11. «Логоваз»	15	3	2	10	19-54	11
12. «Урыху»	14	1	0	13	20-49	3

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Дзыхь яхуэвмыщI

ЩIыпIэм щыпсэу цIыхубзитIым Урысей МВД-м Прохладнэ щиIэ къудамэм шыщхьэуIум и 7-м зыхуагъэзащ. Щхьэусыгъуэр хамэ къэрал валютэ къащэхуну къыхуагъэлъагъуэу гъэпцIакIуэхэм абыхэм сом мин 547-рэ зэрыIэщIахарщ.

ЛЕЙ зытехьахэм я деж махуэ зыбжанэкIэ къэпсэлъащ инвестицэ компаниехэм я лэжьакIуэу жызыIахэр икIи къагъэгугъащ ахъшэшхуэ кърагъэлэжьыну, псынщIэу къулей хъуфыну.

Арати, абыхэм я чэнджэщымкIэ, илъэс 49-рэ зи ныбжь прохладнэдэсым къыхуагъэлъэгъуа банк счетым сом мин 370-рэ игъэкIуащ. АрщхьэкIэ, къилэжьар къыхихыжыну яужь щихьэм, гъэпцIакIуэм зыкъыпищIэжакъым икIи цIыхубзым полицэм зыхуигъэзащ.

Апхуэдэ дыдэу къагъэпцIащ илъэс 27-рэ зи ныбжь цIыхубзыр, къыхуагъэлъэгъуа счетым сом мин 177-рэ изылъхьар.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

Полицэм фигу къегъэкIыж:

БзаджащIэхэм брокер е дилер Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм хуащIэну хуагъэлъагъуэ, я ахъшэр хуагъэбэгъуэным е хэхъуэшхуэ зиIэ инвестицэхэр зыIэрыгъэхьэным ехьэлIауэ. Ауэ щыхъукIэ, гъэпцIакIуэхэм апхуэдэ лэжьыгъэр зэфIэхынымкIэ лицензэхэр яIэкъым, брокер е дилер дыдэхэм зыкIи епхакъым. Абыхэм я мурадыр фыхагъэзыхьу ахъшэр яхуэвутIыпщынырщ.

Фысакъ, апхуэдэхэм дзыхь яхуэвмыщI.

Наркотикхэр къытрах

Урысей МВД-м и Налшык управленэм и плъырпост къулыкъум и лэжьакIуэхэм 2025 гъэм шыщхьэуIум и 7-м республикэм и щыхьэрым, Мэлбахъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым щаубыдащ нэхъапэми суд зытращIыхьа, илъэс 42-рэ зи ныбжь къалэдэс цIыхухъур.

АР къыщащым къыкъуахащ пкъыгъуэ хужь хьэжа зэрылъ зэкIуэцIышыхьауэ 25-рэ.

Яубыдам зэрыжиIамкIэ, абы къытрахар наркотикхэкIщ, ар щызыIэригъэхьащ щэху гъэтIылъыпIэхэм, адэкIэ къалэм щищэну и мураду. Апхуэдэуи гъэтIылъыпIэ 14 зэрищIар жиIэри полицейхэм абыхэм кърахащ апхуэдэ зэкIуэцIышыхьахэр.

Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, къытрахар грамм 13,7-рэ хъу «метадон» наркотикхэкIщ.

Урысей МВД-м и Налшык управленэм и полицэм и къудамэ №2-м СледствэмкIэ IэнатIэм и следователым шэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 228-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 228.1 статьям и 3-нэ, 4-нэ Iыхьэхэм я «а, б , г» пунктхэм япкъ иткIэ.

КъинэмыщIауэ, цIыхухъур административнэ жэуапым ирашэлIащ УФ-м и КоАП-м и 6.9-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ (НаркотикхэкIхэр е акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр зэхьэлIэн, дохутырым пхуимытхауэ).

ФIадыгъуахэр Iэрагъэхьэж

Илъэс 72-рэ зи ныбжь цIыхубзым Урысей МВД-м Май районым щиIэ къудамэм зыхуигъэзащ. Абы зэрыжиIамкIэ, Май къалэм дэт бэзэр нэхъыщхьэм щыщахуэщ, и сумкэр щIыхьэпIэм деж щигъэуври IукIащ. ДакъикъитI хуэдэ дэкIауэ къигъэзэжри, гу лъитащ ахъшэмрэ и дыщэ тхьэгъумрэ зыдэлъ и бохъшэр зэрыкIуэдам - псори зэхэту сом мин 15 фIадыгъуащ.

ЗЫ жэщ-махуэм къриубыдэу шэч зыхуащIыр яубыдащ. Ар илъэс 48-рэ зи ныбжь щIыпIэм щыпсэу цIыхубзт.

Идыгъуар къыIэщIахыжри, зейм иратыжащ.

Май районым щыIэ ОМВД-м и Следственнэ къудамэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 158-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «в» пунктым ипкъ иткIэ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаиннэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэхэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.290
Заказыр №1747
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.